**БЭЛАГЪЫ ЛЮБЭ**

# *ГЪЭУНЭХУПIЭ*

## *СЫКЪОМЫГЪАНЭ…*

Сыкъомыгъанэ зэи афIэкI си закъуэу,
Зы махуэ-жэщи, зы жэщ ныкъуи…
Къыщепси дыгъэ, уэс къыщеси сакъыу,
Уэшх дзакIэ ныпхуэзмыщIми лIыкIуэ…

УкIуэху нэхъ жыжьэ сэри сохъур жыжьэ…
Сынщожьэми сыкъыздэбгъэнам,
ПщIыхьэпIэ Iейм сыкъыпфIедыгъури жэщым
Уэрыншэу къохъур сыпсэуау!…

Къыщепси дыгъэ, уэс къыщеси сакъыу,
Къыщешхи уэшхыр къызэплъакIуэу,
Бжэр гъэбыдами, Iуха си уэнжакъым
КърокIуэ закъуэныгъэр къысхуэныкъуэу…

Мо мафIэ дэп жьэражьэм имыгъащтэу,
КъысфIеIущэщыр абы таурыхъ дыджхэр…
Си Iэгумк1э щIэсхъумэми сфIощащэр
Си махуи жэщи, ещхьыркъабзэу абджым…

Сыкъомыгъанэ зэи афIэкI си закъуэу,
Зы махуэ-жэщи, зы жэщ ныкъуи…
Къыщепси дыгъэ, уэс къыщеси сакъыу,
Уэшх дзакIэ ныпхуэзмыщIми лIыкIуэ…

2.

Жэщыр закъуэныгъэм егъэщэхур…
ЗыкъыпкIэрикъузауэ уи псэ пыхьэм,
Жэуапу ептыфынур игъэунэхуу
Зыкърешэхыр нэхъри уафащхъуэм…

Армырами уи бгъэм телъ зэпыткъэ -
Дэнэ здэпхьыжынур иджы уафэр?! …
УпщIэм и жэуапыр зи унафэр
Щымщ аргуэру, щымщ зыкъызимыту! …

Фэ зытедгъэуэнщ дынасыпыфIэу -
Насып Лъагэр дэмыджэрэзауэ

КъуакIэ-бгыкIэм… ужьыхыжу мафIэр.
Фэ зытедгъэуэнщ! … Десауэ…

Ауэ сыт епщIэн итIани уафэм,
Лъагъуныгъэ Лъагэр зи унафэм?! …
Сыт епщIэнур уи псэ пхуэмубыдым,
Закъуэныгъэр ауи пхуэзымыдэм?!

Сыт епщIэнур вагъуэ зыкъозыту,
Уи бгъэр изысыкIыурэ ежьэжым?! …
Закъуэныгъэ уи яужьым итым
Сыт епщIэнур?! … СыткIи упежьэну?! …

Гъуэгур мэкIэрахъуэр, игъэуназэу
Уи щхьэр… Уи гуи уи пси зэдопхъэрыр! …
Къыбогъазэ… дауикI къыбогъазэ,
Гъуэгур армырамэ сытыт пщIэнур! …

Уи гъы макъи, уи гукъутэ макъи
Зэрыщыту кIэрощэщри Iупэм,
КъыщыIуонэ щэхуу мэзджыт гупэм
Уи лъэужь къимыувэжу… Щыпкъэу…

Февраль, 1992

## ***УИ МУЗЫ’КЭР…***

*Къ. М.*

Удз гъэгъахэри псори гъужынущ,
Дыгъэм лыдурэ къешэр пщыхьэщхьэр…
Уи *музы’к*э зэхэсхым пэсщIыну
Сэ сихьэнкъым зы гъатхи зы бжьыхьи…

Си уэрэдри къокIуэр мэкIуэжыр…
Зэм усыгъэу сыщытщ, зэм сыпрозэщ!
Сащыгъупщэм, си вагъуэркъым ижыр,
КъемыплъэкIыу икI хабзэр гъэ мазэрщ…

Бзур щилъатэкIэ уэгум пшэ Iуву,
Гум и дамэхэр бгъэм къоныкъуэкъур…
Дэ ди хьэкъыр –
лъэтэныр щыдгъэву
псэм и лъащIэм,
дитынырщ ЩIым и кум.

КъэмыщIынт а *музы’кэр* уэрыншэу.
Хуэдэу уихьэм я щыгум къуршыжьхэм,
КъыбогъэщIыр дуней, пэджэу хьэршым,
Ар зи макъыр кIуэда ди адэжьхэрщ…

Удз гъэгъахэри псори гъужынущ,
Дыгъэм лыдурэ къешэр пщыхьэщхьэр…
Псэхэр Зы зыщI *музы’кэрщ* ушэнур,
КъигъэщIыжу щIэрыщIэу псом ящхьэр.

---

***Музы’кэ*** псалъэм къеджэн зэрыхуейр етIуанэ пычыгъуэм ударенэр техуэущ.

## *УСЭ НЭХЪ КIЭЩI ДЫДЭХЭР…*

***

ЦIыхур цIыхум и Iэм щыхуэныкъуэр,
Щыщхьэщытырщ езым и щыхупIэм…

***

УсэкIэ зы псалъэми уоджэфыр.
Ехьыр гугъу а усэм къемыджэфырщ!

***

Псалъэ закъуэщ анэм жепIэфынур –
“Къысхуэгъэгъу”…

***

Гуауэм къилъхур гуауэщ,
БампIэм къилъхур бампIэщ,
Закъуэныгъэм къишэр закъуэныгъэщ…

***

Щыт пащтыхьу, пщыуэ щыт упагэм,
КъомыпцIыжыр Закъуэныгъэ Лъагэрщ...

***

Псалъэм и нэхъ лъэщыр Iуркъым,
Уи Iум къытонэжыр.
Уи гум къыхонэжыр. ТкIукъым
ЗыкъыуигъэщIэжу…

***

Усэри хуэдэщ нэпсым –
ГурыщIэр щыкуурщ укъыщисыр…

***

Сыхъуауэ къыщIэкIынущ делэ –
Иджыри къэс губзыгъэу сыпсэуар!

***

Сэ сысей. Сысымей…
Лъагъуныгъэ зыфIэсщ…
Си гур зэст. Къысхуэхей,
Бжьыхьэ кIасэр зи фIэщ.

Къэрепхъых уэс къэпцIар…
Къэрепхъых! Къэрепхъых!
ЩIым щыткIужу есам
И щхьэр фIэхъукъым гуэныхь.

А кIуэдыкIэм пэгагъ
КърисыкIыу гур хэлъщ.
ЛIыгъэ зиIэм гущIэгъу
ИщIыфыныр и хьэлщ.

Сэ сысей, сысымей,
СынэIэбэу убзэх!…
Си гум ирегъэлей -
Уи лъэужьыр ещI уэшх.

Псыхьэлыгъуэм еунэщI
ГукъэкIыжу пхъумар,
Гури уэшхым еуфэнщI,
МытIысыж псы къиуам!…

Къэрепхъых уэс къэпцIар.
Къэрепхъых! Къэрепхъых!
ЩIым щыткIужу есам,
ЩIым зыхуещIыр пшэрыхь…

***ГЪЭУНЭХУПІЭ...***

Лъагъуныгъэм урегъыувэ гъэунэхупIэ-
Гур зыкъутэ защIэм уащIу кIуапIэ.
Зэтепкъузэ щхьэкIэ уи дзэр умыпсэхуу,
Гуауэр пIамыхын, ухуейми, хьэхуу! …

СщIэжыркъым си гъуэгум и къежьапIэр,
Згъэззэжыну къыщIэдзапIэм – арт си плъапIэр.
НэгъуэщI гъуэгукIэ дэбдзыхами, гур пцIанащэщ,
Гур зизакъуэпцIий сабий цIынащэщ…

Лъагъуныгъэм урегъыувэ балигъыпIэм,
Ухэдэну гувэIуауэ…
                                        Адэжь щIыпIэм
ЩыIэкъым уи псалъэм фIэкIкIи псалъэ
Къыпэджэжыфыну уи пшыналъэм…

Зыпшыхьауэ бгъэвми уи гуауэр,
Лъагъуныгъэ закъуэращ мыдауэр.
Зыныпхуехьри зынрелъхьэ щэхуу уи Iэм,
ПхуэмыIыгъмэ, щыIукIыжкIи щабэрыкIуэщ…

## *ПСЕЙ ЩІЫХУФЭ*

Псей щIыхуфэ, уэ си хэкум
Урифэеплъ наIуэщ.
Уэрэ сэрэ тIуми ди гур
Ди лъапсэжьым хуоIэ…

Уогъэдахэ хамэ щIыпIэр
Хамэ щIыгум уепIыр…
Уиувами лIыгъуэ - лIыпIэ,
Итыр зыщ уи натIэм!…

Псей щIыхуфэ, укъыдофэ,
Жьыбгъэ пщытыр гуащIэм,
Уэ уесатэкъым уигъафIэу,
Хэкуми игъащIэм.

Тхыдэм хэкIэрахъуэ жьыбгъэм,
Лъыпсым и мэ къихьым,
Зэхечатхъэ щэхуу уи бгъэр,
Игъэуназэу уи щхьэр…

Псей щIыхуфэ, къыздэщыми,
Сэ узыхэсщIэнущ,
Уэри, сэри, хэкури – щыри
Псэм дызэхуишэнущ.

Ди гум щыщIэр зэIэпытхыу,
Щхьэж и гъуэгур занщIэу,
Демыжьэжыу, ди Тхьэ - Тхьэшхуэ,
Зы дыщIыж дэ – мащIэр…

Псей щIыхуфэ, уэ си хэкум
Урифэеплъ наIуэщ,
Уэрэ сэрэ, тIуми ди гур
Ди лъапсэжьым хуоIэ…

*Ордын, Iэммэн, 1999*

## *НОКIУЭРИ УИ ДЕЖ…*

НокIуэри уи деж, къегъэзэжыр,
Жьыбгъэ ди зэхуакум дэтым.
Си щIымахуэ къалэм къыдохьэжыр
Си щIымахуэ абджым тетыр.

Си щIымахуэ абджым тетыр
Зэрыщыту уи хъыбарщ, итIани,
Уи гупсысэр етхыр, етхыр…
Уи гупсысэ зи псэ пцIанэр.

Уи гупсысэ зи псэ пцIанэр,
Сэ схуэхъуащ щIымахуэ тхыбзэ:
Щхьэусыгъуэ иIэщ пцIыми,
ПцIыри хэлъщ ди гъащIэм хабзэу…

ПцIыри хэлъщ ди гъащIэм хабзэу,
ХулъэкIакъэ дызэбгъэдишыну…
ПцIыри Iэщэ, узыукIщ, си псэ, -
Ар си пшынэм гъыбзэу кърищынущ…

Сэ си пшынэм гъыбзэ кърищынум,
УщIэдэIум, сощIэ, уи псэ пцIанэр,
Мы щIымахуэ жьыбгъэм здыдишынущ.
КIуэ дэщIыгъуу - ар дэ ди гъуэгуанэщ!

КIуэ дэщIыгъуу - ар дэ тIум ди натIэщ!
Гуауэу щыIэр псори згъэсыжауэ,
Сынысщыппэплъэнущ сэ уэрамым,
ЗыхуэсщIыжу си Iэр натIэ жьауэ…

НокIуэри уи деж къегъэзэжыр...

## *«ДЫЩЭ ШУ», СЫХЬЭТЫР 3-Щ…*

*КIыщокъуэ Алим и фэеплъ гъыбзэ...*

«Дыщэ шу» сыхьэтыр 3-щ…
Ажалым ейщ. Ажалыр щымщ.
ЩIэупщIэркъым – «*мы Псэр хэт ей*?»…
Уэу... ПщIатэм хэтми ар зэир! …

Сыхьэтыр 3-щ… Ажалым ейщ,
Ар къэувыIащ. Ар щытщ. Мыхъей!…
Усэжыркъым – «*мы Псэр хэт ей?*»
Уэу... ПщIатэм хэтми ар зейр!…

Псалъэмакъыншэ, зэман сыдж.
Зэщоджэ гъуджэр. Ныджэр дыджт!...
СреупщIыкI удз цIынэ хейу,
Сытредзэж ибэ хъурейу!…

Ныбжь хуэдэу цIыхухэр ныпщхьэщокI…
ЦIыху хабзэ дыдэми гур щокI! –
Сэ дауэ ... сэлам уэсхыжын?!
Лъэпкъ ибэ хъур хэт хуэгъеин?! …

...Шу гъусэ пщIыгъуу пшэм ухэтщ,
Уэ, «Дыщэ шу», уэ пщIыгъури хэт -
ЛIэщIыгъуэ! Уэ лIэщIыгъуэр бгуэтщ!
Ар къопцIыжынкъым – Уищыхьэтщ!

Сыхьэтыр 3-щ. Зэманыр щытщ.
Хэку тIэкIури зыхэпщIэу щымщ... -
*УсакIуэр щхьэдэхащ дунейм*
*мафIэхь.*
*...Иджы яужьрейу…*

Уэу, «Дыщэ шу», сыхьэтыр 3-щ…

## *УЗОЦІЫХУР СЭ…*

УзоцIыхур... узоцIыхур сэ,
УкъызэримыцIыхуу зыми.
Я плъэкIэр уи нэхэм,
ИтIанэ и бауэкIэр уи псэм…

Уи лъэ теувэм щIым,
Макъамэ къикI нэгъунэ сощIэ,
Сэ зыхызощIэ!
Къыщыхъур псори уи нэ лъащIэм.

ЩыбгъэпщкIукIи нэпсыр,
УщыгуфIэкIи къэлынду нэкIур,
Нэпс нэ щIыбагъым
къыдэтыр... щыбгъэпщкIуфкъым си гум.

УзоцIыхур... УзоцIыхур сэ… -
И анэм зэрицIыхуу бынир;
И кIуапIэ-жапIэр псым;
И абгъуэр, мо бзу уэгум итым...

УзоцIыхур... УзоцIыхущэр...сэ
Дыгъэм зэрищIэу и къуэкIыпIэр,
Жьыбгъэ щхьэхуитым - ЩIыр,
*Бгым - езы дыдэм ищI щыхупIэр!*

***А.М.Ф.***

ГъащIэр къокIуэри,
ГъащIэр мэкIуэжыр…
ЦIыхур щоуэри,
ЦIыхур щIогъуэжыр.

Ди ныбжьэгъухэми, мес,
Я зэхуакум-тIэ,
Мащэ тIар щымафIэсщ,
Ар дэ тщIатэкъым! …

Уи псэр теппхъуэмэ - къес,
Псэри щIакIуэкъэ,
Мывэ уэсу къыпхуос
Псэ фыщIакIуэхэр!

ГъащIэр къокIуэри
ГъащIэр мэкIуэжыр,
ЗэдэкIуахэри
Зэбгъэдехыжыр…

Ди ныбжьэгъухэми, мес,
Я зэхуакум-тIэ,
Бийуэ хъуар щызэхуос
Сапэ хатIэурэ!…

Зэбгъэдаш нэхъ жыжьэжу
Мо пситIыр – тIэ!...
ФIы жыпIари мэжабзэ...
ТемыкIуэ, Тхьэ.

Iейр къоутхъуэ...
                    Дуней,
мы уи хабзэхэр
Зи хъуэжыпхъэкъэ...
                        Iейр
ТекIуэпами зэ?!...

## *СИ ХЭКУ СИ ХЬЭКЪЫР ЩОНЭЩХЪЕЙ…*

Си хэку си хьэкъыр щонэщхей,
Зэманыр щыкIуэркъым мыбдейм
Къызоджэ усэр. Сопсэлъэж.
Насыпу зесхьэр соутIыпщыж.

СIэщIаIуэнтIыкI сэ фIэщ сщыхъуар -
Хэку лъагъуныгъэ Тхьэм пэсщIар.
IэнэщIу гъуэгу дызодзыхыж,
Сиш пэж си жьыбгъэм сошэсыж!

Къэлътмакъ си дамэм едзэкIам,
Илъ закъуэр сигу къысфIакъутарщ!…
Гукъанэ сщIыркъым, ар блэкIащ,
Ар ныбжькIэ жыжьэу зэзнэкIащ.

И курыкупсэм щIы хъурейм,
гущI кIапсэкIэ уепхам ярейщ …
УкъыздикI дыдэм уогъэзэж –
Ухуеймэ IукI. Ухуеймэ Iуж!...

Зэманыр щыкIуэркъым мыбдейм
Си хэкум ныбжь тридзэр ейщ!
Пшэр зэкIэщIихуу щыплъэгъуаи,
Зы напIэзыпIэщ… Арщ къэхъуар…

## *ГУМ И ЗЭДАУЭ…*

-Зи щхьэм фIэкI зымылъагъужым,
Уи гур щхьэ епта?
И щхьэм фIэкIкIэ дунеижьым
ФIэIуэху къэбгъуэта?

-И щхьэр фIыуэ илъагъужми
И псэр сабиипсэщ -
Гъуджэу къабзэщ зиплъагъуэжу,
Уи фIэщ мыхъумэ, иплъэ!

... И псэм зым адрейр иплъэфтэм,
Дыгъэр жэщым къыхэплъэфтэм,
«Къуаншэщ» зым хужамыIэнт,
Зэплъыжынти залIыжынт!..

***

ЗгъэпщкIупауэ усэ пхузызохьэ,
Усэ къэскIэ псэм и тыхь пэж дыдэщ,
ЗгъэпщкIупауэ цIыху бгъэдэзмыгъэхьэ,
Мы сэ си псэ тедзэпами ныджэм.

Дапщэ щызгъэщIэнур мы щIыгу напэм?
Мо удз къэкIыр – пэжщ. Уэсэпсыр – пэжщ.
Дыгъэ къепсыр. Уэшхыр, уэс си гуапэр –
Зэрыщыту пэжщ. Уехъуапсэу пэжщ.

Сыту кIуэдыгъуафIэ фIыуэ плъагъур…
«Ныбжьэгъу пэжыр» сыту кIуэдыгъуафIэ,
КъыпхуэлIыщIэ дыдэри щыбгъафIэм –
Къуеплъ делафэ, мупIэрапIэу напIэр!

ЗызгъэпщкIуауэ усэ къызопсэлъыр...
Усэ къэскIэ Iурытх бахъэ пIащIэщ.
Iэм итхар гу пцIанэр и шакъалъэу,
Япэ уэшхщ зыпэплъэр... Псы къабзабзэрщ!

## *ИЛЪЭС ДЭТХЭР ДИ ЗЭХУАКУМ…*

Илъэс дэтхэр ди зэхуакум,
Къытпоувыр пшэ джэгуакIуэу,
Зэм джэгуалъэр допшыныфыр,
Зэми гущIэр тфIеуфэнщIыфыр!…

Илъэс дэтхэр ди зэхуакум,
Пхъэгъэсын хуэпщIын пэшхьэкум,
Уэ уи тхыдэр – тхыдэ куущ,
Сыхыхьэн ескуащ… СекIун?

Уи илъэсхэм нэщI хэмыт –
Был... Щхьэгъусэ зэрымыт.
Иджы си Iэр уубыдащ,
Пэж си деж ущувыIар?...

Iуэхукъым упщIэр щыIэ хъуам,
Ар - си гъащIэщ! Мыр- сэращ!
Гъуэгур макIуэ... Гъуэгур – Хьынщ!...
Щхьэж и хьэлъэр хуэфэщэнщ!

ПхуэсщI гукъанэ уфIэмыщI,
Итым натIэм сыполъэщ!
Сехуэхащ – зысIэтыжащ,
Сыхьэлъащ – зызгъэхъужащ.

2.

Илъэс дэтхэр ди зэхуакум,
Зэми сфIощIыр пшэ кIэкуакуэ.
Хуэныкъуапэу си гущIэгъу,
ЗыкъыскIэракъузэу гъуэг.

ЗэIузохыр и бжэр си гум,
А илъэсхэр щIэсшэу гупу.
Мис, быдапIэ захузощI, -
Псэ хуэлIаIэмэ, зывгъэнщI!..

3.

Илъэс дэтхэр ди зэхуакум,
Дэзгъэхуэн слъэкIынут си гум,
Мо дзэл къабзэм сеIущащэу,
СрикIуэн слъэкIынут гъащIэм,

Зым нэгъуэщI си щэху хуэзмыхьу,
Зым си бампIэ бгъэдэзмылъхьэу,
Си фIэщ хъуатэм уэ езыр,
ГъащIэ тхьымкIэ уарэзыу!..

4.

Илъэс дэтхэр ди зэхуакум,
Ахэр – блащхъуэ, блэ джэкIуакIуэщ!
Сащышынэркъым, соджэгу,
Садоджэгу, сахуеуэу Iэгу.

Зы лъэIу закъуэ пхузохъумэ:
*Тхьэм щхьэ, си псэ, сыщыхъумэ,*
*Илъэс дэтхэм ди зэхуакум*
*Сыдэбдзэн си закъуэу я кум.*

## ***ЩОДЖЭНЦIЫКIУ АЛИЙ***

Укъысхуарэзыуэ сепщIыхьащ,
*(Делэ зыхужаIэр схуэдэракъэ?!)*
Махуэр апхуэдизкIэ хъуат гъэнщIа!
КупщIэр апхуэдизкIэ къыхэщат!

СыпэIэщIэщ хэкум…
Анэми…
Къыздалъхуауэ си псэ си дэлъхуитIми,
КъысхуэбампIэ адэми сопщIыхь.
Иджы Уэ…УкъыщIыхьащ си нитIми!

ЩIалэ къуэгъу, тегушхуэпауэ плъэ,
Iэпэ псыгъуэ хужь. ФIыдзабзэу набдзэ…
Сыкъыщыушами нэкIур плъырт,
УзбгъэдэкIыжа къудеим хуэдабзэу...

Жэщыр кIыхьти усэу дызэджахэм,
КупщIэ къыхэплъхьащ, укъыщедаIуэм.
Сызытезэшаи, згъэсыжаи,
Уи IэмыркIэ къэзыбгъэщтэжащ Уэ!

ПщIыхьу укъыщихьэм си хэщIапIэм,
Хьэрф лъэбакъуэу сщIэлъым гур исаи.
Уэ нэхуапIэу узыбгъэдэтахэр,
Дауи Уи нэхугъэм къелыфа? ...

2.

… Укъысхуарэзыуэ сепщIыхьащ.
Делэ зыхужаIэр схуэдэрами,
Зэи узмыцIыхуар укъысхуихьащ,
Уи псэ ажалыншэ хуэкIуэр схуэдэм!

## *ГЪУЭГУРЫКIУЭ...*

Сэ си унэ щэхур си гурат.
Зыздэзгъэпсэхуфыр а зы щIыпIэрт.
Ар умыщIэу укъытеуIуащ
Уэ си унэм и бжэм, гъуэгурыкIуэ.

Си щхьэгъубжэ Iупхъуэр дауикI кIыфIт,
Си бжэIупхъуэ хъарыр жьым зэрихьэрт,
Уэ пфIэщIащ мы щIыпIэр - щIыпIэ нэф,
ЩIыпIэ дэгу фIэпщащ цIыху зэрымыхьэр…

ГъуэгурыкIуэ, дэнэ уэ щыпщIэн,
Си гум иджэгухьуу бжьыхьэ жьыбгъэм,
Жэщ уэздыгъэр, фIэщIу пэщэщэн,
ЗэрыхыфIихуар и губгъуэм вагъуэм?!...

1988

***

Си жейкъэмыкIуэ жэщ,
Си закъуэныгъэ мащIэ,
Уэ уокIуэ, умыкIуэщI,
Уэ уи шхыныгъуэр гъащIэрщ!…

ЩIыIагъэм есэжам,
Къытопсэ дыгъэ нэпцIыр -
И гущIэ ушыжар,
Аррыххэу къопцIэр, къопцIэр...

Уэ пцIыхуми жэщ утхъуар,
Си нэпс я нэщIыбагъкIэ,
Жей куу зэпыпч ухъуащ,
Гур гум щIыгъуну лъэкIкъым!...

Си жейкъэмыкIуэ жэщ,
Си закъуэныгъэ мащIэ,
Уи нитIыр гъуджэм къощ –
Уи нитIым сыкъагъащтэ.

Гъуэгу гъунэм Iут еша,
Уи лъагъуныгъэ щхьэпцIэр,
Гъуэщащ, гъуэщащ, гъуэщащ,
Щымыгъупщами и цIэр…

***

Убэным лъэпкъыр икудащ…
Фыгъуэным цIыхур текIуэдащ.
Си хэкур гъэрщ, си хэкур гъэрщ…
Гъэ куэд текIащ, мы блэкIри гъэщ…

НэщIыбагъ псалъэр хъуащ утыку…
НапитI уиIэныр хъуакIэщ мылъку…
Си хэку си хабзэр щезэшащ,
Си анэм хуэдэу щэхуу тхъуащ…

Зэрыгъу-зэрышхыр ди къалэм?!.
Еэ ар зыIыгъым ди къалэн
ДызэдзакъэкIыу дыпсэун -
Псэр дыукIын, псэр дыукIын?...

1998

***А СИ ДАДЭР – АР ЛIЫЖЬ ХЕЙТ…***

А сэ си дадэр – ар лIыжь хейт…
Нэщхъейуэ мыхэр жиIэрейт:

«Фыгъуэр зи щIопщу гъуэгу техьам,
Шым уанэ мыгъуэр трилъхьащ…»

«Екудэ Iугъуэ фIейм дунейр –
Убэным икудар нэхъейщ!»…

«ЦIыхухъум кIэ щимытIэгъэн,
Бзылъхугъэ хъунщхьэ - ар убэнщ!..»

«НэщIыбагъ псалъэм уедэIуам,
Уохъу хуэфащэпс ар зыIуэтам!…»

«НапитI зехьэныр пщыхъум мылъку –
Узэрихьэфри арщ утыку!..»

А сэ си дадэр – ар лIыжь хейт…
Абы и псалъэр зехьэгъуейт?!.
Си дадэм и псэр къыслъоIэс -
ЗышыIэ, - жиIэу, - си хъыджэбз…
1999

***

Дуней адыгэр къэскIухьащ,
Хьэрыпми тыркуми сахэплъащ…
Ахьей… Адыгэр дыкIуэдащ…
Бзэншэ гъуэгу мыгъуэм дытехьащ…

Усэ шынагъуэщ къэсхьэсар:
Дыпсэтепхъащ, дыжьэгу сэхащ…
Дунейм адыгэу зы темыт,
И бын къилъхуам бзэ хейр езыт…

Бзэ мыгъуэ... си лъэпкъ щэху зэрыт,
БлэкIаи къэкIуэни къыдэзыт,
Си пащхьэм ит, си нитIым щIэт,
Си кхъащхьэм шыпхъуу ныщхьэщыт…

## *СИ КЪУЭМ ЕЩIЫР СУРЭТ*

*Си къуэ Алим цIыкIум папщIэ*

Си къуэм ещIыр пшэр щIыхуфэ къабзэу,
Дыгъэм бзу щыпсэууэ ещI сурэт…
ЦIыху балигъхэр джэгухэу.
Сабий цIыкIухэр куэду.
Си къуэм ещI дуней сурэт.

Жыгхэм пызу мыIэрыси кхъужьи,
Тхъэжу щысхэу лIыжьхэри фызыжьи,
Унэхэм тетщ дамэ,
Къуэм сурэт хуещI анэм,
Си гур тхъэуэ а дунейм сыхэтщ.

Си къуэм и кхъухьлъатэхэр псэущхьэрщ,
Я уанэгум ису цIыхур яхьыр!
Жыг ирищIыкIыфкъым жьыбгъэм,
Удз гъэгъам къекъутэ губгъуэр,
Си къуэм ещI дуней сурэт!

- Ауэ мыр зиIысыр сыт, си щIалэ,
Дыгъэм уэшх къыщешхыуэ ара?
- Хьэуэ, мамэ, дыгъэр магъыр,
ЦIыху яукIыу илъэгъуауэ,
Зауэ фIэфIкъым, мамэ, сщIы дунейм.

- Уэ, си щIалэ, си гур нысфIохыщIэ,
ПщIы дахагъэр хахуэщ, хэлъыр лIыгъэщ!
Ауэ анэр зыгъэгуIэу –
Тхьэ щIелъэIур мы зызакъуэрщ-
Щемышхыну уэшх уи дыгъэ хейм.

Мэдыхьэшхыр си къуэр, мыр къызжиIэу
(Сабий къабзэм фIэщхъуныгъэ иIэщ) –
- Дыгъэр гъы зэпытым, ЦIыхум дамэ тетщи,
Лъэтэжынущ дуней хьэлэмэт!..

1999

***КЪЭБЭРДЕЙ УСЭ УБАКIУЭМ ХУЭГЪЭЗАУЭ...***

Усэ дапщэ згъэсыжар…
ИримыкIуэ щIыкIэ си тхылъымпIэм,
ПщIэркъым, зэи уитакъыми уэ си пIэм,
Сэ а сахуэм къызищIар!..

СыхукIэ псалъэр мэхъур нэхъри пэж
Псалъэр... ауэ уэркIэ зыкъэ?!
КъыщыщIэжкIэ нэпсыр нэм IэщIож
Тригъаплъэу темыплъапхъэ...

КъэщIын щэхум хэт хуитыж,
Усэр Iэнэ щIыIум тежеяуэ
Къэхъу зэпытмэ ущрихьэлIэж?!...
Уэгум илъэтэнущ бзу ушауэ!

## *СИ ЖЬЫГЪЭ ДЭНЭ УКЪЫЩЫСПЭПЛЪЭР?*

Си жьыгъэ, дэнэ укъыщыспэплъэр?
Уи нэкIур зэлъауэ, уи щхьэцыр тхъуауэ,
УмэжэщIалIэу сэра узэплъыр?
КъарыкIыр сщIэркъым уи нэ утхъуахэм.

Си жьыгъэ, сытхэр уи гум къысхуилъыр?
Унэ лъэбышэ мэзышхуэ щIагъым,
Сэ сезэгъынукъым ар зи инагъым!..
Мыхъуми, гъуэгубгъуэм дыгъэ схуэгъаблэ.

Дыгъэ-уэздыгъэ къищу си гъуэгур,
Си жьыгъэ щIалэм къыщеуэу и гур,
Хэти лъитэнкъым гу а мэз дыгъэм,
Ауэ зыгуэрым жиIэнщ, - Ар *адыгэт…*

Дэнэ, си жьыгъэ, укъыздыспэплъэр?
Сэ сыщыхэтщ Пикассо и гъунапкъэм,
Дыгъэр здимыкIым тенджызым и нэпкъым,
Лъынтхуэ зырызу толъкъуныр зэзыпхым,

Мы усэ итхыр, пщIэрэ, сытыбзэ?!
Ей дуней кIыхь, ар сэ си бзэ анэбзэрщ!
Дэнэ, си жьыгъэ, укъыздыспэплъэр?
Хьэмэрэ ауи узимыIэххэ?!.

*Испание, 2000*

## *ПСАЛЪЭ ЗЫХУЭМЫНЫКЪУЭ…*

Псалъэ къэкIуэнур къэзмыщIэ щIыкIэ,
ЗыхимыщIыкIыу зым сысымаджэщ.
Сраджэжауэ сыздэкIуэ щIыпIэм,
ЩыIэкъым *«нанэ»,* плъагъур къуэладжэщ.

Ар аргуэрыжьу и зэ къэкIухьыгъуэщ
И хъуреягъым гъуэгуанэщхьиблым,
Уи псэр, уи напэр, уи пэжыр бдэщIыгъуу,
Узыхэплъэнури ирокъур хэплъэгъуэ…

Ауэ итIани аракъым нэхъапэр,
- Кхъухьым къихьыжым сыт къиIущэщыр?
-Псалъэр къэса Iэпымыху къихь купщIэр?
… Ауэ итIани аракъым нэхъапэр.

2.

Зы усэ закъуэу къэбгъэзэжауэ,
УкъыщыкIуэжкIэ, жьым удэлъатэу,
Уэрэ абырэ фызэзыпх бынжэм,
И щэхур зытхым гу къыплъитащ уэ.

Усэ. Зы усэ. Пхьы лъагъуныгъэм,
Укърегъэлыр жыхьэнэмэшхуэм.
Щэхур… И щэхур дуней щIыбагъым
Къыдэпхыфащи, кIуэ, гъуэгу махуэшхуэ!

Ягъэ кIыжынкъым псалъэ умыхъуми,
Сыт хуэдэ псалъэ уэ ппэлъэщынур?
Хьэрфхэр бгъэсыни, пхъэм я нэхъейуэ,
Усэ нэщэнэщ, гъащIэу укъохъури…

Адрей зыми иIэкъым купщIэ,
КупщIэр здэщыIэми ущыщымыIэ!
Мы дунеягъэм и теплъэр нэщIи,
Щыхуэбгъэдэнум псэм хузэхэщIэм…

### *1864…*

Тхыдэм къыщыхъуар иджыри зэ,
Нэхъ гуащIэжу бгъэм къыщыкъутам, -
Пэжмэ ар, уэрыжкъым, зыпхъуэжащ -
УлIэри, къыпIукIэжакIэщ псэ!

Сынохъуапсэ абы щыгъуэм сэ…
Си щхьэми,  ди Тхьэ, сохъуэпсэж.
Тхыдэм къимылъхужыр, хэтми, псэжьщ,
Псэ кIуэдащ.
Псэ пудщ.
Ар сытми псэ?!..

***

ТыркубзэкIэ къызопсалъэ –
-ПщIэрэ тыркубзэ, - жи, -
-Сэ сыадыгэщ, жи…

ХьэрыпыбзэкIэ къызопсалъэ,
-ПщIэрэ хьэрыпыбзэ, - жи,
-Сэ сыадыгэщ, - жи…

Урысыбзэк1э къызопсалъэ,
-ПщIэркъыми урысыбзэ! – жи,
-Сэ сыадыгэщ, жи…

-СщIэркъым, сщIэркъым тыркубзэ!
-СщIэркъым, уи хьэрыпыбзэри!
-СымыщIэххэри урысыбзэрщ…

Ауэ си анэм, си анэм
Бзэ къызитар адыгэбзэрт, -
Уэ уадыгэщ! - жиIэу.

Анэм нэхъ пэж хэт щыIэ?!
Анэм и бгъэгу сыщоупщIыIур,
Бзэ къызитар жэуапыншэщ…

Къысхуэгъэгъу, къысхуэгъэгъу,
Къысхуэгъэгъу къудей,
Мы къэскIухьа дунейм,
Жэуап къисхар – зэрынэщIырщ…

Сэ уэ сыуипхъущ, сыуипхъущ,
Псынэ къэслъыхъуэу ситми,
Уафэ пшахъуэщIым зестми,
Си псэр Уэ къыуаупхъуэкI!

Уэшхкъым къешхынур, уэшхкъым.
Мо пшахъуэм дунейр есейри!…
Десэрэ?… Хуэмурэ досэри –
*Дызэрыщым*… ыIэжым…

***

Псалъэ куэди зэхыдох,
ГъащIэ куэдми дыходэ,
НэгъуэщIыбзэ куэди додэ,
Адыгэбзэр къыхыдох.

Си бзэ щабэ бампIэдэх,
Уэ сэ си бгъэм укъыщикIкIэ,
Сэ зым нэхъ сымынэхъ икIэ,
Къалэ миным уздызохь.

Си бгъэм уилъу сыкъэхъуат,
Си гъуэгу гъащIэр щызублэнум,
ТхьэлъэIуалъэу уэ си анэм,
Хьэкъыу укъыспщIэхилъхьат.

Абы лъандэм гъэи текIаи,
ЗытеIэбэхэр игъэгъуу,
Мис, си анэми а жьыгъэр,
И IэлъощIым къыщIэщаи.

Нэпс къудамэр гум къыщокI,
Нэхъыбэжщ къомыгъэувыIэр,
Узыпэмылъэщым уи Iэр
КIэлъыпшийуэ пIэпыщIокI…

Абы кIуам къимыгъэзэж…
Къэзыгъэзэжам уимыщIэ,
Бзэри тыгъэ Щэхущ – мэзэш,
КъикIыр ди бзэм зи къэдмыщIэ!…

КъэтщIэщэнууи дыпымылъ,
Щэхуи-нахуи къэдмылъыхъуэ! …
Бзэ зимыIэр къыдофыгъуэ…
Бзэр зи тыгъэр къыткIэлъоплъ.

## *СИ ПЩIЫХЬЭПIЭ …*

Мы си унэ жэщкIэ щIыIэм
укъыщIохьэ. Бжэ теуIуэ
Хабзэ пхэлъкъым. УзихьэщIэщ.
СощIэ укъысхуэгумащIэщ.

ФIыри Iейри къызжыбоIэ,
Си псэм жыпIэр къыгуроIуэ,
БзыщIи, щхьэфэ телъэщIыкIи
пхэлъкъым. ЖыпIэми сыфIэкIкъым!

Си пщIыхьэпIэ, си пщIыхьэпIэ,
УкъытетIысхьам пIэ лъапэм,
Сохъуж сабий жыIэдаIуэ.
Сыщхьэщыткъэ си щыхупIэм?! …

КъызжыбоIэ пэжри пцIыри,
Си пщIыхьэпIэ, шыпхъу гупцIанэ.
Ауэ… себгъэсэфкъым уэри,
Сыдемыжьэу пцIым сыщыуэу!

Щыуэ защIэущ нэр зэрыплъэр,
Гум жиIэнуми пэмыплъэ,
МафIэ дэпым сыхегъалъэ,
Зэбгырызгъэлъэту хъуаскIэр!

ГъуэгурыкIуэ гъусэ нэпцIыр –
Ар щхьэгъапцIэми, гу гъапцIэ?!
ЩIалэгъуалэ уэшх фIэсщынут,
НыбжькIэ иджы сыхуимыт! …

Си пщIыхьэпIэ, си пщIыхьэпIэ,
Си пIэ лъапэр зи унапIэ,
*Схуэпхъумэфкъыми згъэпажэр,*
*Къызжеп1эф къудеи пэжыр…*

***

Си щIалэгъуэ къэзымыгъэзэжыр,
Хэтщ уи бжьыхьэ хадэм хэкIуэдауэ,
Хэтщ уи бжьыхьэ хадэм хэкIуэтауэ,
Си щIалэгъуэ уэ зым пхуэзгъэпэжыр.

СощIыр псыф си шхыIэн кIапэр нэпскIэ,
ЦIыхубз нэпс плъэгъуащ,
                                                    УимыщIэщыгъуэ,
Сэ зыщIызохъумэ, сощIэр псэкIэ,
ЦIыхубз нэпсыр ирегъэщхь уэсэпсым
Дэтхэнэ цIыхухъуми…
                                            Уэ, си псэ…

Уи фIэщ мыхъуныгъэм сигу итхъунщIым,
Бжьыхьэ уэшх къеIэзэр зыхызощ1э,
Бжьыхьэр икIым дауэ сыхъужыну…
Бжьыхьэ Iэсэ, уэ сыпкIэлъыгъынущ,
Уэ сыздэшэ, кхъа, сыбдэщIыгъуну…

***

ПцIы зыупсари мэукIытэ,
Зыхуаупсари мэук1ытэ…

***

Зыхурикъум бзэр, хурикъукъым гущIэ,
ЗиIэм гу, бзэмыIущ, узыхимыщIэ! …

## АДЫГЭ НАНЭ…

Уэ ар плъэгъуа? - Сэ ар слъэгъуащ…
Тыкуэным *нанэ* нышIыхьам,
И Iэпкълъэпкъ уэдыр игъэпщкIунт,
ЛъэкIам мыбдеж кIуэцIрыхунт.

МэукIытэ. И нэхэр егъэпщкIу.
ИтIани щэхуу къеIущэщ,
Нэхъ къищтэу зым зэхимыхам:
*«Зы щIакхъуэ къысхуэфщэхуфам…»*

Гу лъызымытэри ныблокI,
Хэти нышIохьэ, хэти щIокI…
Мыр зэхаха, зэхамыха:
*«Зы щIакхъуэ къысхуэфщэхуфам…»*

Зы псалъи фIэкI къыжьэдэмыкI,
Адыгэ нанэр сигу имыкI…
Тыкуэнтет пщащэм къыхуеший:
- Мэ, нанэ, хуабэщ, - жиIэу, - шхы…

Адыгэ нанэ щIэкIыжам,
Естыну сом сыкIэлъопхъэр:
*«Сыхуейкым, тIасэ, гукъэкI пщIар -*
*Пхуитхынущ псапэ лейуэ Тхьэм… »*

Къобауэ си Iэ хуэсшиям,
СыкъаскIэу, сэри зесшэкIащ…
«Сэ си Iэм ба уэ къыхуомыщI,
Уи лъэгу щIэлъ ятIэр сфIэнэхъ Iущщ…»

IукIыжри нанэр бзэхыжащ,
Здэпсэуи и цIи къэзмыщIа…
Адыгэ нанэ къыщIыхьам –
*«Зы щIакхъуэ, - жиIэу, - къызэфтам…»*

2.

Ар уэ плъэгъуа? – Сэ ар слъэгъуащ,
Ар бгъущIхэм… хэкум къыщыхъуащ -
Адыгэ нанэр щылъэIуа:
*«Зы щIакхъуэ, - жиIэу- къызэфтам…»*

1996гъ.

## *ЯУЖЬЫРЕЙ ПЦIЫ…*

Жэщым сыщошынэ,
Жэщыр къысщошынэ…
Армырамэ сыт сыщIигъэдийр?

Пшахъуэ унэ сощIыр,
ПсэщIэ къызогъэщIыр -
Лъагъуныгъэ джанэ хузоший…

ЦIэфIэщ джанэр зэвщи,
Бгъэгум къыщыпфIочэр,
Узым, уи псэ узым уигъэкIийу,

Сигу зызэтеубыдэ,
Сыджалэн схуомыдэ,
ПцIыми ар - иджы *яужьырейщ*! …

## ***СИ УСЭ – СИ УНЭ***

Гу лъызмытэу, уэ, си усэ,
Мис ухъуащ си унэ лъапIэ,
Си гупсысэм и хэкIыпIэ,
Си губампIэм и быдапIэ.

ЛIэщIыгъуитIым я зэхуакум,
Диубыда бзылъхугъэ тхакIуэм,
УощIэр псори щыщIэр и гум,
УощIэр псори здэкIуэр, щIэкIуэр…

СымыщIэхэу, мис, си усэ,
Усхуэхъуащ щIыгу анэ Iэсэ,
Усхуэхъуащ мэзышхуэ бжыхь,
Сэ… уэ сыуищхьэузыхьщ.

## *ЗЫТЫДОГЪАУЭ ФЭ…*

Зытыдогъауэ фэ - дэ къыдэпхауэ гъащIэр,
Дэ мыхьэнэм етхьэлIэр – ейуэ.
Къыхуэдгупсысыр нэпсым - тхэщIу,
Дэ къэдгъэщI псор – дунейуэ.

Зытыдогъауэ фэ - дэ къыдэпхауэ Пэжыр,
ПцIы щымыIэну доIуэ Тхьэ ярейуэ,
КъытфIощIыр махуи–жэщи дэ къыдэжьэу,
Дэр фIэкI имыIэу Iуэху… Арауэ…

Зытыдогъауэ фэ – дэ къэдгупсысыр захуэу,
НэгъуэщIым и гупсысэм дыкъеджэфу,
ЦIыхуфIри …Iейри зэхэдгъэкIыу нахуэу:
ФIыцIэр – фIыцIабзэу; хужьыр – нэхуу! -

Зытыдогъауэ фэ…

...

Зы дакъикъэм цIыхум укъелъыхъуэ,
Адрей дакъикъэм пуду ует…
Сызыщыщыр сэ адыгэракъым,
ЛъэпкъкIэ сэ сыцIыхущ, укъыстекIуакъым.

ТIу сызытохъукIри солIыкI,
СрикIуэнщхьа Уэ ныпхуэкIуэ гъуэгум,
Сэ а гъуэгум куэдрэ сытокI!
КIуэ, *си къэгъэзэжыр* лъагэу слъокI.

Сызыщыщыр сэ адыгэракъым,
Сэ цIыху лъэпкъырщ сыкъыщIигъэщIар… -
*…Сэ аращ си дагъуэр - сыадыгэщ,*
*Уэ си дагъуэ, уэрщ сызыгъэнщ1ар…*

Уэрщ сэ фIыуэ слъагъур, уэрщ си купщIэр,
Уэрщ си гъуэгур, уэ си дагъуэ ткIий,
Уэ си дагъуэ, уэрщхьа зызгъэлIэнущ,
Уэрщхьа сыпсэунущ сэ икIи...

## *ЩIАЛЭГЪУЭ БЛЭКIЫР...*

Гъэмахуэ дыгъэр пкъым щожьэражьэ,
БлэкIыр... уи щхьэм ирыригъажэу.
Гури зэридзэу толъкъуныр мапкIэ,
Сыт нтIэ адк1э? Сыт нтIэ адкIэ?!

Гъуэг, си уэздыгъэ, си жэщ уэздыгъэ,
Тегъэ уэ щэхуу сIэпыщIэкI гугъэм,
Хым тызоутIыпщхьэри си фIэщхъуныгъэр,
Iуфэм сыIуту сыкIэлъопыхьэр.

IуокI къемыплъэкIыу, хуэдэу сыхьэтым.
Захуэщ лъэбакъуэу ичыр. Щыхьэту
Гъэмахуэ дыгъэ жьэражьэр къоув,
Гъэмахуэ дыгъэм зызот… Сыпоув!

Гъэмахуэ дыгъэ щхьэр зыгъэуназэм,
ЕгъэзащIэфыр и хьэкъыр Iэзэу –
Хэт - егъэгушхуэ, хэт – егъэIэсэ,
Хэт – фэеплъ жыг блэкI щIалэгъуэм хухесэ! …

*Испание, Мидетирениен хы, 2002*

## *СЫТУ ФIЫТ КЪЫЗЭРЫСТОМЫЩIЭР ДЗЫХЬ…*

Сыту фIыт къызэрысхуомыщIыр дзыхь.
Сыту фIыт къызэрыстомыщIэр дзыхь!
Сэри *щхьэхуит* зызощIыфыр зэманкIэрэ,
ЗыкъэзгъэкIыжу уигу, ущысIэщIкIкIэрэ!

Щхьэхуитыныгъэ пха, си утыку илъ,
ЗыIэти лъатэ, си *Псэ*, къыпхуремыплъ силъ! …
Сэ езым згъэункIыфIынущ мафIэсыр,
Лъатэ, си *Псэ* - си къуалэбзу, уи дамэр мысу!

Сыт?! Щхьэ ущым, уи уафэр хуиткъэ?!
Си IэплIэ зэIусхам щхьэ уимылъэтыкIрэ?
Сыту фIыт къызэрысхуомыщIыр дзыхь –
Сыту фIыт къызэрыстомыщIэр дзыхь…

## *УИ БАМ СЫКЪИГЪЭУШТ ПЩЭДДЖЫЖЬКIЭ…*

*романс*

1.

Уи бам сыкъигъэушт пщэдджыжь нэмэзым,
Уи псалъэхэм саIэтырт дыгъэбзийу,
Сэ ситт уэгу щIыхум, щIыгум сыхуэмызэу
Сыхуэмызэшу япэу сцIыхуа бзэм.

НысащIэм хуэдэу удз гъэгъа хужьыбзэм
ЗыкърапхъуэкIырт си нэм – уэ уфIэфIт
КъикIыну зэпымычу уи Iэмыщ1эм
ЩIымахуэ ткIийми - гъатхэ, гъатхэ уэфI!

2.

«УблэкIрэ пэт мы щIыгу *дунейкIэ* зэджэм,
Угугъэурэ пшахъуэщIу лъэм щIэкIам,
УкIэлъымыбжэ, е укIэлъымыджэ,
УхущIемыгъуэж уи нэгу щIэкIам!» -

Аращ къызжиIэр си пщIыхь хъуам нэхуапIэ.
Си щхьэц згъэщIагъуэу дыжьын защIэ хъуам,
Сригъыуvауэ арт си гъэунэхуапIэм,
Мы си гур сыту бзаджэу къэутхъуа! …

Сыпэлъэщыну IукIыж лъагъуныгъэм? …
СыкIэлъыжакъэ махуэ дэкIыжам,
Сызыбгъэдидзрэ си гур къызэIитхъыу.
Сэ зысIыгъынущ хуэдэу сыну жам.

3.

Къэпсалъэрэ - къощием уафэ щэхур,
Удз псыфым пхуигъэупщIыIум щIыфэ плъыр,
Псэ щыкIэзызым бгъэм узэфIигъэхуу,
Етыжи пыкI и хуитыныгъэ плIар! …

4.

Си хадэм къеуэлIа пщэдджыжь уэсэпсми
Сэ удз гъэгъахэр щэхуу зэIэпах...
АфIэкI уи бам сыкъигъэушкъым, си псэ,
Си ажэгъуэмэри нэгъуэщI гуэрхэм хуахь…

### *УЭШХЫР СЫТУ ФIЫТ ...*

Уэшхыр сыту фIыт къызэрежэхыр,
МафIэ къыпщIадзауэ ущагъэскIэ…
УщагъэскIэ уесэркъым, укъоскIэ,
УкIиину къару уимыIэжми! …

Уэшхыр сыту фIыт къызэрежэхыр,
ЩабэрыкIуэу, мамырыгъэ къихьу,
Уэшхыр къошхыр цIыхур фIэгуэныхьу,
Нобэм къэс ягъэсыр игъэужьыхыу…

## *СИ АНЭ, СОЩІЭР…*

Си анэ сощIэр, сощIэр уи гум къеуэр,
Уи нэпсыр бгъэпщкIуу, уи гур йомыгъэс,
Иджыри къэскIэ зы пшынауэщ тхуеуэр,
Зы къафэ закъуэм ди гур ныдошэс.

Ауэ мо уафэм еплъыт и къабзагъэм,
А уафэм сыхуэпщIакъэ амэнэт!
Адрей псоми пэлъэщынущ гугъэр,
ЗдэщыIэм гугъэр, щыIэщ псэ жэнэт.

Си анэ сощIэ, сощIэ уи гукъеуэр,
Уи нэпсыр бгъэпщкIуу уи гур йомыгъэс,
Азэныр лъагэу здэджэм щекIуэкI зауэм
ТекIуэнур дощIэ: *ущыхейм – улъэщщ*!

Си анэ, уи гу щIагъым щежэх нэпсыр -
Ар жэнэт псынэу бампIэм ипсыхьащ,
Уи пащхьэм сыщитаи лъэгуажьэмыщхьу,
Сэ измыкIуту ар схуземыхьа! …

Си анэ, сощIэ, сощIэ уи гукъеуэр,
Уи нэпсхэр бгъэпщкIуу уи гур йомыгъэс,
Дэ тIуми зы пшынауэ закъуэщ тхуеуэр –
Зы къафэ закъуэм ди гур ныдошэс…

## *УИ ГУАУЭ СЩІЫНУ…*

Уи гуауэ сщІыну сэ сыхуейкъым, си псэ,
ЩІалэгъуэ лъагъуныгъэр дэ доцІыху,
ДоцІыхур тІуми дэ нэмэз уэсэпсыр,
Зэгъусэу зыхэпщІар гум Іэпымыху…

ИужькІэ уэшхыр абджым пыкІэрыгъэу,
Уэздыгъэу бгъэсым щІэпт и мыхьэнэщ!
Уи гуауэ сщІыну сэ сыхуейкъым…
Дагъуэ
Си бжьыхьэ лъагъуныгъэм хуомыгъуэт…

Уэрамхэм я кум диубыдами гъуэгур,
ЗыхэтщІэр тІуми къабзэу зы фэщ – зэщхьщ:
И гуауэ зым адрейм ищІыфкъым и гум,
ДызэбгъэдэкІмэ тІум ди махуи жэщщ…

Уи гуауэ сщІыну сэ сыхуейкъым, си псэ…

## *СЛЪЭГЪУАЩ ...*

Сэ уэшхыр уэс щыхъужри слъэгъуащ,
Слъэгъуащ ткIуэпс цIыкIухэр щтыжу мылыкIейуэ…
Жьым тхьэмпэ къифыщIахэри хуэмейуэ,
Къытрипхъэжу гъуэгуми слъэгъуащ…

КъыщысщукIыти къыхэкIакъым дыгъэр,
Зы мафIэ бзийкIэ щэхуу селъэIуам,
Си унэр къигъэсащ, къызидзу лыгъэ,
АфIэкI семылъэIунууи Тхьэ сIуащ…

Ауэ уэрамыр щызэIукIкIэ бгъуфIэу,
Уи лъитIым вакъэ иплъхьэжыну уохъу!
УдокIыр, гъуэгурыкIуэм ухуэгуфIэу,
Ар дыдэри макIуэ… И гъуэгу махуэ ухъу! …

## *СИ ЩІАЛЭГЪУЭ*

*Л. Ан.*

Уи щIыбагъыр си нэм щIэкIуэсыкIыу,
УхокIуасэ щIыпIэ сымыцIыхухэм,
Сыту ущIалащэ, унэщIэпкIэ,
Уи мэ IэфIыр жьыбгъэм и гум пыкIкъым.

ЗыкъызыбохьэкI гъатхэпэ кIэщIым,
ЗэрыпщIыхьыр сщIэуэ уи Iэпкълъэпкъыр,
УсфIыхоткIухьыж щIыпIэ IэнэщIым,
УкъеплъэкIыу, дауикI, укъеплъэкIыу!

Къызощэщэхыж уэшхыпси нэпси,
Гуауи, гугъи – сыту сыкъулей!
Си щIалэгъуэ, къакIуи къысхуэупсэ,
Мыхъуми пщIыхькIэ!
… КъакIуэрей къудей.

## *СИ ЛЪАГЪУНЫГЪЭ*

Си лъагъуныгъэм зыхузогъазэ,
Къызогъыгъазэ си лъагъуныгъэм.
Дызэгъэпсалъи си псэр гъэзагъэ,
Си нэр щынэфми, си гур къогугъур! …

Уэ сыбогъасэ, пэжщ, сыбогъасэ!
Сыпхуэмыгъасэу сыуипэшэгъуми,
Пэжщ, сэ соцIыхур уэ узиуасэр,
Укъыздэслъыхъуэр гъуэгуанэ пхэнжми!

СиIэкъым гъуазэ. Сэ, сиIэкъым гъуазэ!
Си шыр щIоцIэфтри сыкъолъэтэхыр,
Мо сиш сIэщIэкIым, къысхуевгъыгъазэ,
Псокъэ си дамэр?! ...
Сэ солъэтэфыр!

Сэ солъэтэфыр цIыхур здэщыму,
Дыгъэ нэбзийхэм псэр здытежаем.
Си лъагъуныгъэ, зэ, ущымыуэ,
Си гуныкъуэгъуэм упемыжажьэ!

Дызэгъэпсалъэ, дызэгъэпсалъэ…
Псалъэ мыхъунур гум емыжалIэу!
Псалъэ щымыIэм дыпомыгъаплъэу,
Зэдгъыгъэпсалъэ псэ мэжэщIалIэр…

## *ПЦIЫМ СЫТ ЕПЩIЭНУР? …*

ПцIым сыт епщIэнур? ПцIыр ныпкIэлъокIуэ,
Итщ уи яужьым, хуэдэу гужьгъэжьым,
Хуэдэщ ар ныбжьым…
Тебдзэм лъэбакъуэу
ЗытрекIэжыр хуэдэу бжьыгъэжьым…

Мы сэ си нитIыр щхьэ нэф мыхъуарэ,
Тенджызыпс шугъэу пцIыр къыщыщIакIэм,
Си псэ уи пащхьэм итым лъэхьауэ,
И лъэр бутIыпщыркъэ, бгъэр къомыгъачэу!

ПцIым сыт епщIэнур?
ПцIыр пхуэукIынукъым!
ПцIым зэхегъэкIри гъуэгуанэщхьиблыр,
ПцIым зэрызыххэу егуэшыр цIыху фибгъури,
Ар къыщIощыжыр!
*Уезгъэгиинукъым!*

Сэ сыщыщыIэм хьэдагъэ махуэм,
Си ныбжьэгъу «пэжыр» джэгум щоуджыр!
Къохьэр си унэми пцIы жамыIэфыр,
Езыр-езыру нэм къыщIопыджэр!

ПцIыр мэкIэрахъуэ хуэдэу борэным,
Уи унэ лъащIэр нос къигъэуэным,
ПцIы жамыIэфым пщэдджыжь нэмэзым,
ПIэм укъыхешри уешэр «уи узым»! …

Узыр, а узыр пщIэрэ зищIысыр,
Ар лъы – мафIэшхуэщ: пэжыр здагъэсырщ,
Уи лъагъуныгъэм и щхьэр пахауэ
Бийм здызэрахьэрщ, башым папхауэ! …

ПцIым сыт епщIэнур? ПцIыр ныпкIэлъокIуэ,
*ПцIы жамыIэфыр пэжми токIуэ! …*

## *ПСАЛЪЭМ КЪИКIЫР...*

Псалъэм къикIыр пщIэркъым, си псэ, пщIэркъым,
Псалъэр жызмыIами нэхъыфIат! …
Ауэ псэм къикIуту хэлъ гурыщIэм,
Лъэ къыщIэуваувэ арыгъат.

Пхуэубыдыну ар щытамэ, си псэ,
ЩIылъэм къыщешхынутэкъым уэшх,
ЗыкъырикIутыпэу…
                    ГущIэгъуншэу
Дуней махуэр ищIыжыфу жэщ…

Псалъэм къикIыр пщIэркъым, си псэ, пщIэркъым,
Уафэ джабэм дыгъэр щыдэкIам,
Удзхэр зэхэкIуатэу зэхуэныкъуэ
Хъунтэкъым арыншэу ялъэкIам…

Уэсыр дуней жейм къытеубзыхьу,
Къытебауэу щIыгум къинэжынт?!
ХузэфIэкIтэм зимыгъэхъеину,
Налъэ зэрызыххэу зэрыкIынт?

Мы дуней щIыбагъым къыдэт гъащIэм,
Псэр къыщыфэу къыщигъэзэжам,
Нэпс къэбзабзэм кхъухьхэр къихьу хабзэщ –
Ар дамыгъэщ: псэр лъэм теуващ!

Хъумэ, си псэ, уэ а псалъэр хъумэ,
Уэ а псалъэр - уи къэрагъул бжыхьщ!
Хъумэ, си псэ…
                СэрщхьэкIэкъым…
                                Хъумэ…

Хъумэ ар – ар уэ уи щхьэузыхьщ! …

## ***УЭСЫМ СЫХУОЗЭШЫР...***

*Си адэ Бэлагъы Хьэзрэтэлий хузотх*

Уэсым сыхуозэшыр и щэхукIэм,
И щабэкIэм уэсым сыхуозэш…
Си щIалэгъуэ блэкIым,
Си гъащIэ ежэкIым,
*Си адэ лъапсэжьым сыхуозэш…*

Хадэм сикIуасэнущ сыкIуэжамэ…
Зыми, зыми, зыми зихъуэжакъым…
Мес, мо жыгыр си адэ,
Схухисат, сэ ...адэ
уIэбэжмэ, зэман блэкIыжам.

Мис мыбдежым щытщ си сабиигъуэр,
Мы унэ щIыбагъым егъэщIауэ,
И плIэр диипами,
И нэр тедияуэ
Уафэ щIыхум къиджэрэзыкI уэсым.

Зэхихыжкъым и бауэкIэр ауи,
Уэсым и щэхукIэм икIуэдауэ,
Мес си сабиигъуэр,
Тетщ мо уафэ вагъуэм,
КъэнэкIафIэу гъэхэм къаблэкIауэ.

## ***СИ ГЪАТХЭ КЪУЭЛЭН...***

Си усэр къалъхунущи, спкърыкIыжынущ уз бзаджэр…
Тхьэрыкъуэ хужьу си гум къилъатэжынущ
псалъэ кIуэдахэр… Псэр маджэр.
Ауэ ар зэджэр ажалыркъым – сэ сыхъужынущ!

Сэ сыхъужынущ. Мо уафэ щIыхум къысхуидэркъым
сежьэжыпэну. Уэ уи зэманкъым – жи, -
-Хьэуэ, зэ умыпIащ1э!
Гъатхэм си адэм, пщIэрэ, къысхуихьырти сэ
ажэгъуэмэ –
Си анэм абыкIэ гурыщIэ куу зыхрыгъащIэрт.

Иджы мис гъатхэм хуэдэщ аргуэру къигъэзэжауэ,
Сыт и мурадхэр?! –
Мо ажэгъуэмэр тепхъауэ
здырижэ губгъуэм,
Хэт зыдихьынур?… Хэт къигъэнэнур тцIыхуауэ,
*Си гъатхэ къуэлэн, си фIэщ уохъур уэ, сумыгъэгъауи.*

## *СИ ХЭКУ...*

СыткIэ ухуейми къызэлъэIу,
Мы си гум телъкъым зы ткIуэпс фIыцIи,
Си хэкум сотIысыж и щIыгу,
Сохьэж и IэплIэм сыгупцIанэу.

Си напIэр зэтесхын слъэмыкI,
Си Хэку, уэ пфIэфIкъым нэм ущIэплъэу,
Мис - си псэр, ар къызоухьэкI,
Мис - си гур – къиплъэ, къиплъэ, къиплъэ!

СыткIэ ухуейми къызэлъэIу,
Уэзмытыфын збгъэдэмэлъыну,
Сэ си Iэм тыншу имыкIынур
Зы дуней мылъкуу, сфIэемыкIущ!

Ауэ мы *си псэм* щхьэкIэ зыми,
«Узот» - жесIакъым, - сымыбзыщI:
Ар Къэбэрдейм... си хэкум... щыму
И лъэгу щIэздзыну соузэщI.

*Март, 2003*

***СЫЗЫХЪУМЭ КЪАРУР…***

КъытоуIуэри си бжэм къыщIохьэ,
- Хэт ухъуну? – абы сыщIоупщIэ,
- *Хэт ухъуну?* – тхьэкIумэм къыIуехьэ,
Къегъэзэж джэрпэджэжу си упщIэм.

СегъэукIытэри сыкъыщолъэтыр,
СытоIэбэри зы зыхэзмыщIэ,
-Уэ ухэт, уэ ухэт, уэ ухэт?!
- Жьы ухъуаи, - жи, - уэ сыкъомыщIэу.

СокIуэтыжри, сотIысэхыжыр.
- Уемыжьэж. Уемыжьэж… Уемыжьэж!
Си уэздыгъэми мафIэ изодз…
Зызыдодз, зызыдодз, зызыдодз! …

## *УЭ УИ ЛЪАГЪУНЫГЪЭР, УЭ УИ ЛЪАГЪУНЫГЪЭР…*

Дэнэ зыдэщыIэр уэ уи лъагъуныгъэр?
Си гум къылъоIэсри мэбзэхыж,
Си Iэ нэсшияхэр бжьыхьэм уэшх къытегъэм
Къеущий, къиужэгъуу емыжьэж.

Иджы сыту пщIыну зезмыхьэж си гугъэр?
Къебгъэгъэзэжыну щхьэ ухэт?
Еплъыт си псэм къиплъхьэжыну лъахъэ! –
Гугъущ ар, уэ абыкIэ ущыхьэтщ.

Ауэ си псэр тету хы гущIыIум,
Ныдоуджыр жыжьэу къэлыд псэм,
Хуабэкъым ар – хуэдэщ къищым гъуджэм
дыгъэ зэпрыкIыжакIэр псым.

Согужьейри сэ сыхопхъуэ жьыбгъэ хамэм,
Ауан сыкъищIынуми и хьэкъщ!
Ауэ абы и ауаныр сыт?! … Зэманыр
къызэрыщIэплъэнуращ си нэкIу.

Мис аращ сэ сызыгъэсыр – сызэмысэ мафIэ,
Узым цIыхури йосэ, сэ – аракъым!
Уэ уи лъагъуныгъэр пцIы хъуреи, згъафIэ…
Бжьыхьэ уэшхым сегъэс! – Сигъэсакъым!

## *КIЫЩОКЪУЭ АЛИМ СИ ГУМ ИЛЪУРЭ…*

Бзу хужь икъухьауэ уафэм итыр,
ЛъэпкъкIэ ар хэт хъуну?! Хэтыт? Сытыт?
ЩхьэфIэпхыкIыр уафэм щохъу вагъуэбэ,
ЩIым хригъэсэфырти къамэпэр.

Бзу хужь икъухьауэ уафэм итым,
Къигъуэтыну сыт, нтIэ, зыхэтыр?
Е зыфIэкIуэдауэ, е гъуэщауэ,
е ягъэпудауэ, е ящауэ…

Бзу хужь икъухьауэ уафэм итыр,
Пшэм хэплъэгъукIыну сэ соIуатэр,
Си бгъэм йокIуэдык1ри гурыщIэр –
Жьыбгъэ пхъашэу дамэхэм зыхащIэ.

Бзу хужь икъухьауэ уафэм итым –
СфIощIыр уи псэр яхэмыкIыу хэту,
*Уи пхъу сыхуэдэу си щхьэм Iэ къыдэплъэу,*
*Си псэми уи лIыгъэм щыщ къыхэплъхьэу.*

Бзу хужь икъухьауэ уафэм итыр
Жьыбгъэм щхьэщихуну Тхьэм хуимыдэ!
Хужьыр – ар къабзагъэщ, гу бзыгъагъэщ…
ФIэщхъуныгъэ защIэ гумызагъэщ!

Бзу хужь икъухьауэ уафэм итыр,
Вагъуэу умыгъэж, уэ, ар умыдэ!
Уэ умыдэ хыхьэжыну тхыдэм –
УзылъэмыIэс IэфракIэм хуэдэу!…

Бзу хужь икъухьауэ уафэм итым,
Къару къабзэ псэ гъущIам къыхалъхьэ,
ЩхьэфIэпхыкIыр щыхъужаи вагъуэбэ,
Бзу хужь икъухьарщ сызыгъэхуабэр…

## *СИ ПСЭ* - КЪЫПХУЖАIЭМ…

Лъагъуныгъэ ди зэхуакум дэтыр
Псалъэ дыджым щIым хомыгъэутэ!
Сэр нэхъейуэ уэ урогуIэжыр,
Щыплъэгъуам абы и нэпс къыщIэжу.

Лъагъуныгъэ ди зэхуакум дэтым,
И нэм зэпымычу гуауэ щIэтыр
«къысхуэгъэгъу» мин бжыгъэкIи ткIужынкъым,
Ежьэжами, къебгъыгъэзэжынкъым.

*Си псэ* - къыпхужаIэм зыгуэр къокIыр…
*Си псэ* - хэт щхьэи жаIэу лъэмыкIыну.
Хуэдэу къуалэбзум къытолъэтыкIыр
Iум,
        Уи щхьэузыхьу зибзыщIыну!

Си псэ, си псэ, иIэж мыхьэнэ
Сытми, уимыIэжыххэмэ нэ ...
УзыщIэплъэу къэпIущэщыфын –
*Си псэ*, - жыпIэу, - *Тхьэшхуэм къихъумэн*!

## *ЛЪАГЪУНЫГЪЭМ СЭ СЫХУЕЙЩ ЗЫЩЫЗГЪЭНЩІЫНУ…*

Лъагъуныгъэм сэ сыхуейщ зыщызгъэнщIыну,
Розэм мэ къыпихым сыщIэтIысыкIыну,
Мы пщэдджыжь уэсэпсыр
Удз гъэгъам и къуэпсым
Сыхуэсакъыу IэгукIэ къыпысхыну.

Лъагъуныгъэм сэ сыхуейщ зыщызгъэнщIыну,
Уафэ къащхъуэр си бгъэм иткIухьыну,
Бзухэм я уэрэдыр
Зым зэпимыуду
Зэрыщыту гукIэ зэзгъэщIэну…

Лъагъуныгъэм сэ сыхуейщ зыщызгъэнщIыну,
Сабий дыхьэшх макъыр пщIантIэм дэмыкIыну,
Сабий дыхьэшх макъым
ЩIыгур къыхуэсакъыу
Ихъумэну, ди Тхьэ, ихъумэну!

Лъагъуныгъэм сэ сыхуейщ зыщызгъэнщIыну! …
СыщыщымыIэжми си псэр мынэщIыну,
Лъагъуныгъэ защIэу
Си псэм хэлъар гуащIэу
ФIыуэ слъагъухэм жьауэу щхьэщытыну.

Лъагъуныгъэм сэ сыхуейщ зыщызгъэнщIыну…

## *СИ УСЭР...*

Зыри зымытхыжыращ усакIуэр!
Псалъэ жызымыIэращ ефIакIуэр
Губгъуэм итырщ, хуэдэу жьыбгъэ пщтырым
ЗызузэщIыр, усэ тха сатыру!

Уафэм итыращ зыкъизыкIутыр!
Лъэгум щIэтыращ узыгъэпудыр!
Уи бгъэр арижьыкIыу дыгъэ къихьэм,
Псалъэ хуейкъым! Псалъэ хузомыхьэ!

Си пщIыхьэпIэ, си псэм урипщалъэщ,
Силъщ уи Iэгум, Тхьэм щхьэ къызэпсалъэ!
Хьэуэ, усэм щхьэкIэкъым, *си усэр*
Сэ иджы мыпсалъэу изогъасэ.

Зыри зымыщIэжыращ усакIуэр,
Зи псэм хэткIухьыжыращ ефIакIуэр,
*Зэрыщыту э сатыр сыхъунщ*
*Е мы си бзэр, ди Тхьэ, иубыдынщ! ...*

***

Мис аращ щIэптынур уасэу
Уи гъуэгуанэр ежьэм пасэу,
Уи гъуэгуанэр умужэгъум,
Хуитыныгъэ гугъум…

Мис аращ щIэптынур уасэу,
Дамэ птетурэ зыбгъасэм,
Уафэ нэщIым уоджэгухьри,
ЗыщI лъэгуажьэмыщхь, псэ!

ФIэщхъуныгъэр - ар дин Iуэхукъым,
Ар мэжджытым зэрихуэфкъым!
Уи гум сыт зыхищIэр? Сыт?!
Абы жэуап ет! Е зыт! …

## *УХУЕЙМЭ СЫУСАКIУЭЩ…*

*Дэ ар зыхуэдгъэсар усэ сатыр*
*зэгъэкIукIэ къудейр аркъым.*
*Абы Дэ едгъэщIащ купщIэр...*
*Абы итхым Дэ ди Псалъэр итщ...*

*КъурIэн: Ясин*

Ухуеймэ сыусакIуэщ, ухуэмеймэ,
НасыпкIэ узэджам срихъумакIуэщ.
СрихъумакIуэщ жьэгум дэп пырылъым,
ЦIыхуцIэу щыIэм я нэр зыкIэлъыплъым.

СрихъумакIуэщ хьэуа ныплъэIусым,
Зэман ежэкIыу ди гурыщIэр зысым! …
Сыщышынэнут сызыпэмылъэщым,
(Сэ Тхьэ сыщелъэIунур дауикI жэщущ…)

СиусакIуагъи, си псэ, ущымыщтэ,
Си усакIуэгур ущIегъуэжмэ здэщтэ…
Ухуеймэ ар пхуэхъунущ гъуэгу гъуэмылэ,
Уэздыгъэ защIэу гъуэгур зэщIэзыблэ!

2.

ДыщыдэкIыжки джэгу здекIуэкI пщIантэшхуэм,
Дэ дауикI къэдгъуэтынщ щхьэусыгъуэшхуэ...
Зэгуэрым джэгур хэтщхьэкIи еухыр,
Хэт бегъымбари куэбжэр хузэIуахыр…

А гъуэгур екIуэлIэжми мащэжьым,
Псэр жэнэт бзущи лъагэу  мэлъэтэжыр.
Аращ абы къабзагъэ къыщIилъыхъуэр,
Дунейр зэIыхьэпауэ гугъуи щIехьыр.

Къабзагъэр щIэлъкъым ефэндыми и нэм…
Хьэжы зыщIари допсэлъей мукIытэу!
Мэжджытым къыщIэкIыжхэми я гъунэр
А пщIантIэ щIыбым ауэ зэрыдэкIхэущ!

3.

Ухуеймэ сыусакIуэщ, ухуэмеймэ,
НасыпкIэ узэджам срихъумакIуэщ.
ЩIыгу цIыкIу хъурейм сыфIэфIщ къыщызгъэщIыну
Къабзагъэ Iэгу, уэ срипхуэупсэну.

И нэхъыбапIэм ситщ лъэгуажьэмыщхьу
И пащхьэ си Тхьэм, псэм къабзагъ къэслъыхъуу,
СтхьэщIыну гущIэ дыдэм лъэIу къыщIэкIкIэ,
СымыцIыху дыдэу си щыуагъ къыкъуэкIхэр…

Псэр умубыди, жыжьэу ар лъатэнущ,
СыусакIуэныр пфIэфIми слъытэнущ.
СиусакIуагъи, си псэ, ущымыщтэ,
Си усакIуэгур ущыуэнкъым, здэщтэ!

## ***НОСТАЛЬГИЯ***

Мо ятIэ унэм къыщIокIыр гуащэ
КъыщылындыкIыу адыгэ фащэр.
Дыщэ дыжьыну и бгъэм тебзар
Хуэдэщ и бжыхьым псэ узэщIам!

Хуэдэщ къыжаIэ дыщэ зэрыдэм:
«Уи псэ дахащэм зыхудогъадэ»,
Дыщэ бгырыпхыр абы щодыхьэшхыр:
«Дыщэр адыгэм псэм хуимыгъадэ!»

Мо ятIэ унэм къыщIокIыр гуащэ -
Пащтыхь лъапсэшхуэт абы хуэфащэр!
Дыщэ бгырыпхыр хуэдэщ дыхьэшхым:
«Гъатхэ хьэуар зыхуэныкъуэр щIыгу уэшхырщ».

Мо ятIэ унэм къыщIокIыр гуащэ,
И тахътэ бгъузэр быдэщ шэщIащи,
Iэнэ лъакъуищым телъ и шхын Iыхьэр,
Зы Iэгу щызыни, бзум хузомыхьэм!

Мо ятIэ унэм къыщIокIыр гуащэ,
ИIэу *гу бзыгъэ* зымыгъэгъуащэ,
*Мо Iэнэ цIыкIум кIэщIэт шэнт лъакъуищым*
*Тесыфын закъуэр зызымыгъэщхъырщ!*

Мо ятIэ унэм къыщIокIыр гуащэ,
И псэ сурэтыр и нэхэм къищу,
Аракъэ щIыжаIэр а нэхэр дахащэу…
Уи ятIэ унэми сыхуозэшыщэ! …

## *СИ ГУМ СЫТЕIЭБЭУ...*

*Сэтиней деж*

Си гум сытеIэбэу псалъэкIэ сыхъуащ,
Сэ езыр сыкъигъаскIэжу купщ1эм.
Укъелынущ псоми уи гум укъелам,
УщыщIали …укъыщили уэсым.

Си гум сытеIэбэу псалъэкIэ сыхъуащ,
Сызэпсалъэ, сызэхъуэхъу, зэхэпхрэ?!
Iуэхукъым зэхыумых! УтегупсысыкIащ…
Уи гумрэ уэрэ фызызопхыр.

Си гум сытеIэбэу псалъэкIэ сыхъуащ,
ПщIэрэ абы къикIыр, шыпхъу нэхъыщIэ?
Сэ сыдокIыр зыбг, зы дуней слъэгъуащ,
Уи гум утеIэбэу псалъэкIэ ныпыщэ.

ЩIэхыу, умыпыIэу си уэрэд ежьам
Уэ ныпыщэ, и пэжыпIэр бджынум!
ДэкI уи хэкум, уи хэку зэгъэжам,
ПцIыр зыщыгъым щIыфэм кIэрылъ джанэу!

Ди псэ дуней зэвым зыIурилъэфам
И хэщIапIэр къэгъуэтын унафэм,
ГъащIи тегъэкIуади!… Зымыхъумэфам,
Уи гуи йомыгъабгъэу, жьым къыдэфэ.

Си гум сытеIэбэу псалъэкIэ сыхъуащ,
СфIощIыр къэзгъуэтыжуи си хэкур!
СыщызэхимыщIи къэзымылъыхъуам …
ЗыфIэмыкIуэдам …зэгуэрым зи гур…

•••

Мисыр иджы нэху мэщыр:
Бзухэм къэушу щIадзэ –
Зытепсэлъыхьыр *набдзэрщ*:
Набдзэ зимыIэр лъэщкъым.

ЦIыхухэми ар къахэщкъым,
Сыт, нтIэ, уакъыхэмыщмэ?!
Уи гум дуней щыхъейкъэ,
Бзу хужьу щыIэр щыушэу,

Жыгхэр щыгъагъэу хужьу,
Плъыжьу… къуэлэнрэ пщIыпщIу?!
ЦIыхум къигъэщIыр ныбжькIэ,
Зэхэплъагъуэу кIыу IупщIу?

СыщремыIэ махуэми,
Жэщми сыхуреныкъуэ,
Си гур зэщIэмыкъуауэ,
Сэ щысхуэщынум нэхури! …

Абджым къытещ сурэтыр
Уэ уи IэрыщIкъым дауикI,
Си гум щекIуэкI *спектаклри*
Зыгъэувам хомыщIыкI.

*Пьесэр* зытхар ирокIуэ
Гъуэгу бгъуфIэ умылъагъуфым:
Уи гум дуней щызекIуэм
Къегъэплъэжыфыр нэфри.

Мисыр иджы нэху мэщыр,
Бзухэм къэушу щIадзэ.
Зытепсэлъыхьыр набдзэрщ.
Набдзэрщ зыпэмылъэщыр!

Набдзэр щырет пагагъэу,
ИкIэкъым ар щыгугъуи,
Уи гум *спекталь* щыплъагъур
Зыгъэувар къыпщогугъыр.

Абджым сурэтыр тозашэри,
Ар хоткIухьыж махуэщIэм,
Зи гур жеяр мэгъуащэри,
ХокIыж нэхъ *спектакль* лъэщми! …

### *СИ ХЭКУ И ЯТIЭ*

Ажалым и нэ щIыхум ущIэплъамэ,
Дуней хъурейр уи гущIэм щызохъуэкI.
УзыIуплъами ущхьэдэмыхамэ
АфIэкI упсэужыну пхулъэмыкI.

Ажалым и нэ фIыцIэм ущIэплъамэ,
Укъызыхэщ IыкIа щIыгу ятIэр мэткIу.
Ауэ а плъэкIэр уи гум къиубламэ,
Уи дуней гъащIэм къыщыбохь емыкIу!

Ажалым и нэ плъыжьым ущIэплъамэ,
ЗыхэщIыкIыншэ блын уеудэкIащ!…
Абдежми лIыгъэ! ЛIыгъэ пхэмылъамэ,
Укъэзыгъэщ Iыжам ущIэнэкIащ! …

Кхъуэщын дахащэ, Iэпэ псыгъуэ Iэзэм
ЩIыгу ятIэ пхъашэм къыхищIыкIыфам,
Сыт итыр къыщхьэпырыпкIыну изу:
Дыдж?
IэфI?
Е нэщI, итар и блынхэм зыщIафау?

Си ятIэ дахэ, сэ си хэку и ятIэ,
УщIысфIэIэфIри сщIэуэ гъуэгу сытещ –
Уэ сыкъыпхащIыкIащ! Си яужь натIэу
Схуэхъунури екIуэлIапIэ уэ уи дежщ.

Сышынэкъым, сыкъаскIэкъым, - уи жьантIэр
Зэрысхуэпщ Iынур сощIэри жэнэт:
Схъумащи уи бзэр, дэзмыгъэкIыу пщIантIэм,
сыт хуэдэ хэку сихьами и уанэгу.

Бийр хуэдэщ иблисым, тетщ уи жьауэм,
Уи тIасхъэ къилъыхъуэнуи фIэкI пымылъ.
Бийм къуищIэм уилIыкIын?! – Зэзакъуэ щыуи,
Уи бийм и дерсхэм фIэкI йомыт нэмыплъ!

Ажалым къегъэкIыжыр сигу гъуэгуанэр,
Си гъуэгу гъуэмылэми зэ сыхегъэплъэж!
Сэ а гъуэгу дыдэрщ къыфIэнэнур си нэм,
КъыщызгъэзэжкIэ… СощIэ. ЗызощIэж!…

## *АДЫГЭ ГИМН*

Сызэридзэнущ кхъухь зизакъуэм ещхьу
Жьыбгъэ къыкъуэум… СыкIуэдауэ фIощI
Зэгуэр си хэкур сагъэбгынэу шыщхьэ-
мыгъазэу сежьэжами, зекIуэр щIопщщ!

Сыщыщтэкъым! Зы щIыпIэр щызбгынами,
Си псэ щхьэхуитым дунейр къелъэтыхь!
Си адыгэбзэр зыми сщигъэнакъым:
Адыгэ лъапсэм дытевгъэпсэлъыхь!

КъызыракIых псы щIыIэр уи толъкъунхэм,
Си натIэр ягъэупщIыIуу аркъудейщ,
Пщхьэщыт салъкъыным нэхъри сегъэгушхуэ –
Си хутыныгъэр ищIу нэхъ къулей!

ЗэтокI си Iупэр псалъэу къыжьэдэкIыу –
Ди адыгагъэр! Къытезмыхьэ шэч
ИджыкIэ дэдзыхар зыхамыщIыкIыу,
Къытехьэжынущ, ди псэр, - ар бэшэчщ!

Дунейм сыщыдыями си хэку жьэгур
Мыужьыхыу сэ къыспоплъэ, Тхьэр зи фIэщ!
Уэ уадыгэу уи гур адыгэгум -
Адыгэ лъапсэм унэ щыдывгъэщI!

***

Мис апхуэдэущ зэрыщытыр гъащIэр –
Зым фIэкуэдыр адрейм фIэмащIэщ,
Зым фIэмащIэр адрейм и гуащIэщ -
Мис апхуэдэущ зэрыщытыр гъащIэр.

Мис апхуэдэущ зэрыщытыр гъащIэр –
Зым фIэкIуэдыр адрейм и гуащIэщ,
Зым и гуащIэр адрейм фIэмащэщ –
Мис апхуэдэущ зэрыщытыр гъащIэр.

Мис апхуэдэущ зэрыщытыр гъащIэр –
Уэ ущIэгъыр адрейм щымыщIэ,
Уэ умыщIэр адрейм и гущIэрщ –
Мис апхуэдэущ зэрыщытыр гъащIэр.

Мис апхуэдэущ зэрыщытыр гъащIэр –
Уэ къэбнэщIым имыгъэгъэнщI нэгъуэщIыр,
ЗыхущыщIэ дыдэм зыхимыщIэ –
Мис апхуэдэущ зэрыщытыр гъащIэр...

## *РОМАНС*

Сигу хьэлэболэжьым зынеший,
Сигу хьэлэболэжьыр ныпхуозэш,
Сигу хьэлэболэжьыр хуэдэщ уи хьэм,
Уи кIэужьым итурэ къекIухьыр! …

ЗэшыгъуэIуэу уэ къэплъытэу сфIощI,
Сэ си лъагъуныгъэ емызэшыр.
Сэ си лъагъуныгъэ ныпхуэзэшым,
И бгъэр бжьыхьэ жьыбгъэу къомыфыщI…

Сигу хьэлэболэжьыр дэтщ уи пщIантIэм,
Уэ укъыщIэкIынум поплъэ ар,
Ауэ уэшхыр тошхэри блын джабэм,
Уэшхыр тошхэр си гум, сигу къэплъам! …

Уэ уогъэункIыфIыжыр уи уэздыгъэр,
Ужеифкъым, тотын щIэбгъэнам
Пщхьэщихыфкъыми уи закъуэныгъэр
Си гум сыт щхьэкIэ укъимыплъат? …

Сигу хьэлэболэжьыр дэтщ уи пщIантIэм,
Сигу хьэлэболэжьыр ныпхуозэш,
Сигу хьэлэболэжьми и закъуэщ,
Закъуэныгъэр пшагъуэ зэфэзэщщ…

Уи уэздыгъэр пыбогъанэ ауэ,
Си гур щыгуфIыкIкъым абы дауи,
Си гур нэхъ тыншынут мы жэщ кIыхьхэм
Уезэгъамэ, уи псэр къэмыдзыхэу…

Сигу хьэлэболэжьым уихъумэнущ,
Ар щIэпсэур уэ уи тыншыгъуэ зырщ,
ФIыуэ… фIыуэ си гум уилъагъунущ,
Уимылъагъуу псэуфыныр - пцIыщ…

Ар итынущ уи лъэужьым щэхуу,
Уэшхыу. Уэсу. ... Жьыбгъэу... Дыгъэ нэпсу.
Лъагъуныгъэр пагэкъым! - ПIэпыхуу,
Пкъутэфын къудейуэ арщ, …укъису.

Сигу хьэлэболэжьыр дэтщ уи пщIантIэм,
Уэ укъыщIэкIынум поплъэ ар,
Ауэ уэшхри тошхэ уи блын джабэм,
Тогъэ си гури щэхуу, ...сигу къэплъар! …

## ***СЭ СИ ГЪАЩIЭР...***

Сэ си гъащIэр – ар си уэрэд накIуэрщ,
Уэ ныпхуэкIуэу, укъызыпежажьэрщ.
Ар сыт щыгъуи псэм и тегъэщIапIэу
ЗэхудиIэ щэху – ди щэху хы щащIэрщ.

Уэрэ сэрэ зэхудиIэ лъэIур –
Уафэм фIэкIкIэ зыми имыцIыхуми.
Си тхьэлъанэщ и нэхъ пэжыр мыIуу,
Гурэ гукIэ лъагъуэ зэхухахуу...

Уэ укъэзылъыхъуэхэм я тхыдэр,
Сэ си унэ лъащIэми щогуауэ...
Сэ сыкъэзылъыхъуэхэу сымыдэм,
Я хъыбари уэ бжьэхэзмыгъауэ.

Уэрэ сэрэ дызытет щIы кIапэм,
Хэт щыхьэщIэу щытми токIыжыр!
Уэрэ сэрэ зэхуэтхьыгъа лъапэр
Зэрымахуэр ди гум къигъэкIыжу.

Си псэ... зы щIыкIапэ щыжызоIэ –
Сыт, си дыгъэ? – уи жэуапыр къоIур.
Си псэ, си псэ... псалъэр мэткIури, согъыр,
Насып нэпсыр зэрыщыту лъэIукъэ?! ...

Сэ си гъащIэр – ар си уэрэд накIуэрщ,
*Symphony** уэ уи гум къыщигъэщIу –
Уэрэ сэрэ, си псэ, ди щIы кIапэм
Дыгъэ къыщыкъуэкIыр зым имыщIэ.

---

*_Symphony_ – симфония жыхуиIэщ.

## *ИДЖЫРИ ПХУЭСТХАКЪЫМ...*

Усэ нэхъыфIыр иджыри пхуэстхакъым,
Иджыри си пщIыхьым сыхэтщ, сыушакъым,
Уи щхьэр мы си гум къыкIэрыболъхьэ –
Си гур уи Iэгум тхылъ къабзэу нызолъхьэ.

Напэ къэсыхукIэ си лъагъуныгъэм
И удз гъэгъа зэмыфэгъу щыпхуогъагъэ...
Тхылъыр бухынукъым, си псэ, зэтебдзкIэ,
Напэ къэсыхукIэ кIэухыр пэщIэдзэщ.

Дунейр зи къарум дыгъэ щхьэхуэ тхуегъаблэ,
Ар къыщыщIокIыр гъуэгуанэщхьиблым
И щIакIуэ кIапэр здызэтекIуэтым,
ДызэблэмыкIыу дигухэр здызэттым.

ЦIыху псалъэмакъыр зэми бзу хужьу,
Зэми къуаргъ фIыцIэу нытщхьэщолъатэ,
Ауэ мо дыгъэм, плъэкIмэ фIэлъатэ,
А дэ ди дыгъэр – дыгъэ фIы лъытэщ.

Си псэ, иджыри сэ сыушакъым,
Усэ нэхъыфIри иджыри пхуэстхакъым!

## *КАЗБЕК*

*Си къуэ цІыкІу Казбек*
*къызжиІа псалъэхэм хуэгъэзауэ*

Си щІалэ цІыкІур сэ ныздолъатэ
Хэкум... И дадэ и хэкужь къабзэм,
И напэ цІыкІур Іутщи щхьэгъубжэм
Пшэм дыпхыкІыхукІи сэ сыноубзэ.

- Шынэ ицІыхуркъым Казбек лІы хахуэм, -
ЖысІэмэ, и щхьэр еІэтыр пагэу.
-Уэ уадыгэщ, улІылъэпкъ пхъашэщ, -
ЖесІэмэ, си Іэм ар къодэхащІэ.

И гум зыхищІэрэ си къуэм и лъэпкъыр?
Ар илъэсиплІщхьэкІэ куэд зэхуегъакІуэ,
Мис хьэрыпыбзэкІэ, е инглыбзэкІэ,
Е урысыбзэкІэ хамэм нопсалъэ.

*Сэ адыгэбзэкІэ зыкъысхуегъазэ.*

Дису кхъухьлъатэм хэкум докІуэжри,
Сэ адыгэбзэкІэ си къуэм къызжеІэ:
- Мамэ, мо вагъуэм сэ сылъатэнущи,
Уи цІэр тестхауэ къэзгъэзэжынущ!

Си къуэр зэрыхъур сэ илъэсиплІми,
КъызжиІа псалъэхэм шэч къатезмыхьэ,
Си къуэр а вагъуэм лІыфІщи лъэтэнущ,
Ауэ уэсяту мыр зыр бгъэдызолъхьэ:

Си къуэ, а вагъуэм сэ си цІэр томытхэ,
Уи гум, уигу закъуэм сэ си цІэр щызехьэ,
А вагъуэм уи хэкум къуита адыгэбзэр,
Уи лІыфІ къарукІэ хьыи тегъэзагъэ.

Си, къуэ, уэ уиІэщ жыг лъабжьэ гуакІуэ,
Уи адыгэбзэр псэм щегъэфІакІуэ,
Анэ уэсятыр хьэкъмэ – мыр хьэкъщ:
Сыт щыгъуи хэкум уи бзэр щыгъэІу.

И гум зыхищIэрэ си къуэм и лъэпкъыр?
Ар илъэсиплIщхьэкIэ куэд зэхуегъакIуэ,
Мис хьэрыпыбзэкIэ, е инглыбзэкIэ,
Е урысыбзэкIэ хамэм нопсалъэ.

*Сэ адыгэбзэкIэ зыкъысхуегъазэ...*

## *УЩЫМЫШЫНЭ ЩIЫМАХУЭМ...*

Ущымышынэ щIымахуэм, си псэ,
Ущысхъумэнущ абы и уэсым,
Уи зы щхьэц налъэ,
Е уи зы псалъэ
Дзыхь хуэзмыщIыну игъащIэм щIымахуэм!

Си Iупэр къесыр и щIыIэм уэсым...
Ауэ мы си гур уэ ныплъоIусыр,
Гъэхэм я бжыгъэр
пшынэм и Iэпэм
ещIыр макъамэ си гур зыкъутэ.

Ауэ си гъащIэм мы уафэ лъащIэм
Сэ щызмыщIыну уэрыншэу абгъуэщIэ.
Ущымышынэ и гъыбзэм пшынэм,
Сэ усхъумэнущ игъащIэ псокIэ.

Си лъагъуныгъэ, уи нэщIыбагъым
Щызмыхъумэну, щIэзмыхъумэну
А закъуэныгъэ щIымахуэ уэсыр
Сэ игъэткIунущ пхузесхьэ си псэм.

Ущымышынэ щIымахуэм, си псэ,
Ущысхъумэнущ абы и уэсым.
Уи зы щхьэц налъэ,
Е уи зы псалъэ
Дзыхь хуэзмыщIыну игъащIэм щIымахуэм...

***

УмыщIэххэу, ухэмыдэу,
НатIэ пхуохъу уи гъуэгур.
Нэхъыбэжщ укъэзымыдэр,
Ирауду уи гур!

Шым уошэсри удокI пщIантIэм,
Ара дыдэт натIэр...
УкъэувыIэм уагъэпщIантIэу,
Ухаутэр ятIэм!

IейкIэ куэд къыпхужаIэфыр,
Къомылэжьыххауэ!
Я щхьэр дащIу къаплъэнэфхэм
УамыцIыхухами!

Ауэ щыIэщ зы гъуэгу закъуэ,
Лъэсри темыхьэфу,
Шым шэсари псэ хущыщIэм
Зыри имыжыфу.

Мис а гъуэгур уи Iэрыхуэм
УзэтемувыIэ!
Умыпсэхуу жэщи махуи
КIуэ, утемыпыIэу! ...

***

Си гур си гъуэгуанэу,
Пэжым срианэу
Дапхуэдиз гъуэгуанэ зэпысча?!

Дыгъэр къыщысхуепси,
Уэсыр къыщысхуеси,
Ди Тхьэ, уэ уолъагъу,
симыкIуэта!

Сэ симыкIуэта...
Абы и фIыгъэ,
е ...къэпсэуфа си гугъэр –
ГъащIэм сэ и IэплIэр къызитащ.

Уи гум соIусэфыр.
Хэкум сыхуэнэфкъым.
Си псэр уэгум, уэгум щихьэжаи...

## *САТИ, САТИ, САТИНЕЙ!*

*Бэлагъы Хъэсанш ипхъу*
*Сатиней дахэ цIыкIум папщIэ*

Сати, Сати, Сатиней,
Сыту уэ удахэкIей!
Уи нэ цIыкIухэр нэ къуэлэну
Зэ къыпIуплъэм и гур блэни!

Уэ уи щIыфэм и хужьагъэм
МыIэрысей жыг къэгъагъэр
Къоплъри къохъуапсэ, ауэ
СфIэгуэныхьщ сэ уэ ныппеуэр!

Сати, Сати, Сатиней,
Хэтхэу пIэрэ уэ узейр?!
Жэщым вагъуэхэр къоплъыхри,
Уэ зэплъ псоми укъыхахыр!

Дунейм тет, нтIэ, нэхъ дахэ
Удз гъэгъахэм нэхъ?
- Нэхъ дахи?
Сати, Сати, Сатиней,
Еплъи, уафэми дэплъей!

Зыкъегъэщхъ а щIыху абрагъуэм,
Сати хъумэ фIэфIщ и благъэ!
Зэи нэхъ гуакIуэ илъэгъуакъым,
А лIыжь угъурлыр щыуакъым!

Сати, Сати, Сатиней,
Iупэ цIыкIухэр щигъэхъейм,
Хуэдэщ дыгъэр къыкъуэкIами,
КъыжьэдолыдыкI къэкIауэ

И дзэ налъкъут цIыкIу хужьыбзэр!
Ди Тхьэ, Сати къет гъущIыпсэ,
Мэхъу илъэс ди хьэнэнур!
Сати нэр щыджылу нурщ!

Ди Тхьэ, Сати насыпыфIэ
ПщIыну сынолъэIу...
ЦIыхуфIу
Гуапэу, къабзэу, и гур IэфIу
Къытхуэгъэхъу Уэ зэрыпфIэфIу!

Сати, Сати, Сатиней,
Хэтхэу пIэрэ уэ узейр?!
Жэщым вагъуэхэр къоплъыхри,
Уэ зэплъ псоми укъыхахыр!

2.

Мыхэр арщ адыгэ пщащэм
ЩIэщымыIэри нэхъ гуакIуэ:
Уи щхьэр лъагэу Iыгъ! ЕфIакIуэ
Уи дахагъым имызакъуэу

Уи IэщIагъэхэр хэгъахъуэ,
ЦIыхуу хъуар зыхуэгъэхъуахъуэ,
ПщIэ нэхъыжьым хуэщI,
НэхъыщIэр
– гу щабагъкIэ къыдэхьэх.

Арщ адыгэхэм я хабзэр –
Псэр зэпыч имыIэу мабзэ...
Псэр мэлажьэ, псэр мэузэщIыр,
Зи псэ дахэрщ хъур лъэпкъ набдзэ!

Сати, Сати, Сатиней,
Хуэхъу хуэфащэ лъэпкъ узейм...

## *ЗИ УНЭР ИНЫМ ...*

Зи унэр иным илъщ гукъеуэр ину,
Зи унэр цIыкIум и насыпри цIыкIущ...
А псор зэзыгъэзахуэ лъагъуныгъэм
И абгъуэм ущымыщтэ, кIуэи зегъэкIу!

КIуэ лъагъуныгъэм уиту и лъэужьым,
Гъэмахуи бжьыхьи... ежьи къыщылъыхъу,
Иджыри къэскIэ къэмыкIуам уемыжьэ!
Гъэмахуэ пIэщIэкIауэ хъуар хуэгъэгъу.

2.

Иджы уэращ...
Уэращ иджы пащтыхьыр,
Уэращ и тепщэр махуэу уиIэу хъуам.
Ар мылъкуу уиIэм пумыщIыну зехьэ,
Уи лъагъуныгъэр псэкIэ къэблэжьащ.

Си унэ иным укъехъуапсэм къащтэ!
Си унэ цIыкIум плъэкIмэ къыщIэзэу!
Си лъагъуныгъэр щыIэкъым зыгъащтэ –
Абы псэ Iутыр мылIэжыну зэи!

Къахъумэр ар мо дыгъэ бзийуэ къехым,
Абы тхьэIухуд миным псысэ хуатх,
Си гъащIэ дыдэращ абы и тепхъуэр,
Аращ зэхозгъэхынур, си псэхэх!

Зи унэр иным илъщ и гуауэр ину,
Зи унэр цIыкIум и насыпыр цIыкIущ...
Си лъагъуныгъэр сэ щызгъафIэ унэм,
Уэ уишх имылъ,
Уи тепщэ щымыпэкIу!

## *УСАКIУЭ*

Iейм нэхъ имыIэ насыпыфIэу псэу!
УщIэплъэу и нэм гуауэм гуфIэ, гуфIэ! ...
Зомыт гуауэщIым –
щIыгум щIыр щохъей,
Ауэ уэ уафэр,
Уафэращ узейр!

Узейр уэ дыгъэрщ,
Дыгъэм урибынщ,
ЗымыщIэм ар – уэ зыр уриубынщ! ...
Мес бжьыхьэ кIапэм зегъэщIыIэтыIэ,
Ар Iуэхукъым!
Ар мыIуэхуу Тхьэ сыгъаIуэ!

Уи нэкIум къыщыщIикIэкIэ уэшх щIыIэр
Жьы пъашэм... Ар къыпхоIэ,
Ар къыпхоIэ! ...
А бжьыхьэми... а жьыбгъэми уи бгъэгур
ХузэIухауэ узытет уи гъуэгум

нэгъуэщI гъэзапIи иIэкъым -
ар захуэщ
Уи напэр здызепхьэну закъуэр – нахуэрщ!
Ухахуэм умышынэщ, упщытырщ,
А уэ узыс мафIэшхуэр - псэ сатырщ!

Iейм нэхъ имыIэ насыпыфIэу псэу! ...
Ар хуитынычгъэу уи псэм къыхуэзэу.

***ЗОМЫГЪЭТХЬЭМЫЩКIАФЭ...***

Сыхуейщ уи дамэм зыкIэрыскъуззэну...
Сыхуейщ си нэпсхэр уэ зым дзыхь пхуэсщIыну...
Уэ нэпс ухуейкъым, пфIэфIкъым сыщыдзыхэр,
Уесакъыми зызгъафIэу ...е сымахэу.

Ауэ мо вагъуэм еплъыт, фIыуэ слъагъу,
Си лъагъуныгъэр зыхэпщIэну гугъу?! ...
Ар псалъэу изогъажьэри бжесIэну,
ПсалъэкIэм нэзмыхусу къысIэщIонэ...

Ар къысIэщIонэ бзу зи дамэр узу,
ГущIэгъу зыхуэмыныкъуэ, кIуэ, гуузу,
Псэ пагэу ауэ зыри хуэмыщIэжу,
И дамэ узыр хуэмыгъэхъеижу! ...

Си лъагъуныгъэр сэ а бзум езгъэщхькъым,
Си лъагъуныгъэр уэгум зи къысхуикIкъым,
ЗэзакъуэпцIи уи гупэр къысхуэгъази,
Си нэпсхэм къикIыр уи псэм тегъэзагъэ.

Мо бзууэ уафэм итыр уэ пхузощI
Си лъагъуныгъэм и фэеплъ...
ЯузэщI
Абыхэм сэ си лъагъуныгъэ нахьыр,
Зи дамэ узырщ уэгум щызэрахьэр!

КъеплъэкI си дежкIэ...
Сэ си лIыгъэ псори
Сыхуейщ сутIыпщыжыну псысэу,
Сыхуейщ уи дамэм зыкIэрыскъуззэну
Си нэпсу хъуари дзыхь уэ зым пхуэсщIыну! ...

1996

2.

ЗыкъысхуомыгъэтхьэмыщкIафэ, - жыпIэу
Си нэпсхэр уогъэукIытэ, фIыуэ слъагъу,
Сэ си щыхьэтыр лъагъуныгъэ закъуэрщ,
ЗыпхуэзмыгъэтхьэмыщкIафэну гугъущ.

Си лъагъуныгъэ пагэр уэ уи пащхьэм
Щохъу бзу IэрыпI, уи Iэгум ба хуэзыщI,
Си лъагъуныгъэр, си псэ, умыгъащтэ,
Бзу Iуагъэщтам къэгъэзэжын хуэмыщ!

Мо уафэм иплъэ мафIэу щызэщIэнэм,
А псом сэ щэхуу сахэшыпсыхьынщ,
Си лъагъуныгъэр узу къысIэщIэнэм,
Сэ а уз дахэр уафэм нэс сIэтынщ.

ЗыпхуэгъэтхьэмыщкIафэкъым, си дамэ,
Си нэпсхэр си щыуагъэщ, къысхуэгъэгъу...
Си лъагъуныгъэрщ си псэри зыхъумэр,
Си лъагъуныгъэр, си псэ, къысхуэгъэгъу...

2000

## *СЭ СТЕУХУА ХЪЫБАР*
## *УКЪЫЩIОУПЩIЭ...*

Сэ стеухуауэ псалъэу щыIэр уэгум
Бзу зэрызехьэу илъэтам,
Умылъагъужу дыгъи, мази, гъуэгуи...
КIуэдыну мы дунейр слъытащ.

Ауэ а псалъэм пэжу хэлъи, пцIыи
Сэ зэрыщыту къызоIэт,
Мы си къарум...
Тхьэм ещIэ и цIэр...
Сигу пагэм зи зимыт!

2.

Сэ стеухуа хъыбар укъыщIоупщIэ
Сэ стеухуа хъыбарыр сыту пщIыну?
Сэ си хъыбарыр жьыбгъэм зыщIеупщIэ,
Тхьэм ещIэ... ЕщIэр Тхьэм ар зэрищIынур...

Нэхъыбэр пшахъуэщ, уэшхыр къомэщIэкIыр,
Тхьэм ещIэ... ЕщIэр Тхьэм сэ сIэпыщIэкIыр...
Ауэ си гъусэщ зи сыкъимыгъанэу
си усэр
зэм си шыпхъуу,
зэм си анэу.

Си унэм щIэкIкъым, щIэкIми сбгъурыкIкъым,
И бауэм си псэм къалэ нрещIэкIыр,
Шэ фIыцIи, шабзэ хужьи ныпхырыкIыр
ЗэщIекъуэри си лъэгум ныщIекIутэр.

## *СИ ХЭКУ, ТХЬЭМ ЩХЬЭКIЭ СУТIЫПЩЫЖ*

Си Хэку, Тхьэм щхьэкIэ сутIыпщыж!
Мы си гум икI, ибзэхыкIыж!
Сэ бзууэ сыкъыщыбгъэщIакIэ,
Си гъуэгури уафэм щыхэшакIэщ.

Си Хэку, Тхьэм щхьэкIэ сутIыпщыж,
Жьы згъуэткъым, си бгъэр софыщIыж!
Къехауэ пшэр утыкущ... - *цIыхутхьэлэщ* –
ЦIыху мыбауэжхэр здызеуалэщ...

Си Хэку, Тхьэм щхьэкIэ сутIыпщыж,
Сэ тхыдэ зэблэуар сотхыж...
Уи дыгъэр къуохьэ, къуохьэ, къуохьэ! ...
Псэ Iуэхуи-дэлъи зрамыхьэ...

Си Хэку, Тхьэм щхьэкIэ сутIыпщыж,
Сынзэропха си бынжэр... мэж,
Гугъэшхуэр ...здащэжа уэрамхэм
Иджы си макъи щымыIуж...

Си Хэку, Тхьэм щхьэкIэ сутIыпщыж...

1997

## *СЫАДЫГЭ УСАКIУЭЩ ЖЫСIЭНУТ...*

Сыадыгэ усакIуэщ, - жысIэнут...
Згъуэтыжатэм си лъэпкъыр,
Згъуэтыжатэмэ си гур,
ГъащIэ кIыхь мыухыжи сиIэнут.

Сехьыр, сехьыр уэрамым
Си лъэм... Дамэм саIэткъым
Гугъэ пщтырхэр мэщащэ,
Сэ созэшри адкIэ пысщэжкъым.

КъызгурыIуэр собзыщIыр...
ЛIэщIыгъуэщIэр хуэдабзэщ щыхупIэм!
Си гум... си гум зыхищIэр
ЩыжызмыIэщ иджы и нэхъыбэм.

КърикIуэнур си натIэм
зыхызощIэр... - аращ сыщIэзахуэр.
Уафэ иным ибгъахуэр,
Изагъэнукъым псалъэ IэнатIэм.

Сэ лъэпкъ миным си лъэпкъыр
КъыщыслъыхъуэУ дунеим срокIуэр...
Сэ адыгэ усакIуэм, дэнэ деж...
Дэнэ деж си гъунапкъэр?! ...

***

Си гури, си усэри...
Сэ щIэслъхьащ уи лъэгум.
Удз гъэгъа цIынабзэм хуэдэу.
Сэ езым унафэ
ЩыхуэсщIащ си бгъафэм
Къемыбауэжыну уафэр.

Стащ сэ псалъэ...
Псалъэ стар мэпсалъэ:
- Сыщыуауэ...
Сыщыуауэ, - жеIэ.
Ауэ зыри дэткъым ди зэхуакум,
Жьым зэрихьэр си уэрэд кIэкуакуэрщ...

## *АР КЪЭУВЫIЭНУКЪЫМ...*

КIуэнущ а гъащIэр, ар къэувыIэнукъым,
Ар уи нэ кугъуэми жыжьэу щIэплъэнукъым...
КIуэнущ... ар кIуэнущ,
...Къызбгъэдэнэнукъым
ИпэкIэ кIуахэми ар пхуедаIуэнукъым!

КIуэнущ зы махуэу –
Махуэри жэщри...
КIуэнущ тхьэмахуэу гъэмахуэ жыжьэри...
Ауэ уи ужьым уэшхыр нишхэжми...
Зы пхуэхъуэжынукъым
КIуэнущ ежьакIэщи...

Уэшхым си напэр кIэрызокъузэ...
Уэшхым и нэпсхэм IэгукIэ соIусэ,
СынатIэджафэкъым сыныбдотэджри,
СокIуэр сэ сокIуэ... укъыщызэджэкIи.

Сабий гъы макъи цIыху псалъэмакъи,
Си щхьэ пщтырым къоджэрэзэкIыр...
Бэзэр зэщIэвэми пшагъуэу сщхьэщытыр,
МакIуэри  макIуэр ...ар къэувыIэнукъым...

Сыкъэушынущи пщэдджыжь нэмэзым
КъэсцIыхужынукъым фIэкI, сызыхэсыр,
...КъызгурыIуэнукъым сэ сызигъусэр.
ПхырыIукIынури кIуэуэ хъам УСЭРЩ.

***

Си усэ, хэт иджы узыригъусэр,
Зи гущIэр хэт иджы уэ зыхуэбгъафIэр...
Си усэ, уи Iэ щабэхэм зи нэпсыр
Хэт зыхуалъэщIыр, хэт зыхуащIыр мафIэ? ...

Сыхъуауэ *прозэ* иджы гъуэгу срокIуэ:
*И диным Псалъэм* мыхьэнэ здимыIэм.
И диныр Псалъэм нэпсурэ къысфIокIуэ,
Сыкъыщегъуэтыр а сыздэщымыIэм!

ЩIыгу бжьыхьэр дэнэ щIыпIи щызэхуэдэщ,
Си закъуэныгъэр *прозэм* хуэгъэункIыфIкъым,
Ауэ иджыри, сощIэ, си захуэдэщ
Сэ Псалъэмрэ Псэмрэ я нэфIыр.

А тIум я курыкупсым сыкъохутэ -
Сагъэбэлэрыгъри, согъуащэ...
Си гъуэгуанэ иджы *прозэ* защIэр,
Зэзэмызэщ къыщысхуэгумащIэр...

Ауэ щыIэщ... ЩыIэкъэ и *диныр*
Усэм... Псалъэ... дэ дызыхэмыныр? ...

***

Теухуэ махуэм уи сыхьэтыр,
Езыр а жэщыр ныплъихьэнущ...
Езыр а жэщыр махуэм и кум,
Упэмыплъауэ ныхыхьэнущ.

Упэмыплъауэ, къомыплъауэ...
Къэхъуа-къэщIам емылъытауэ,
Уи нитIыр ирищIынущ жэщым
КъэIэбэу, хомыщIыкIыу къыуищIэм...

Уэ уи гум илъым хэт теплъэфыр,
Хэт ныптехьэнур пщIиту пхьыфыр?!
УздэщымыIэм ущащIэжкъым,
УздехъулIам уащIэщыгъуэжкъым.

Теухуэ махуэм уи сыхьэтыр,
Сэ сощIэ абы пщIэуэ щIэптыр...
Сэ сощIэ нэфым илъагъуфым,
Нэ жаным и гур зэрикъутэр!

Теухуэ махуэм уи сыхьэтыр,
Уи хъуреягъыр нэщI зэпытми,
Теухуэ уи гум къуит жэуапым...
Теухуэ уи гум... узми. Узми...

### *УЭСЯТ*

*Алимрэ Казбекрэ хуэгъэзащ.*

Дапхуэдэу къызэребгъэжьэнур,
Уи Iупэр щыхуэмейм псалъэну,
Уи нитIыр щыхуэмейм къэплъэну
Дапхуэдэу гъунэ зэриплъынур? ..

Гъуэгуанэм хэбгъэщIами фIыуэ
КIуэтэныр адэкIи пфIэигъуэщ,
Къомыхъулiахэри уиягъэщ,
КъохъулIэфынухэри фIыгъуэщ:

Уи илъэс кIуахэм я щыуагъэр,
Iущагъыу уи псэм холындыкIыр,
Абыхэм пщIатэм я кууагъэр
Абыхэм узу, пщIатэм, къикIыр...

Иджы уэрамым дызодзыхыр,
Си щIыбырщ плъагъур.
СокIуэ. СокIуэ...
Ауэ си гъуэгур зэрыщыту
ЩIэину си къуэхэм хурекIуэ.

Си гъуэгум телъыр гуауи, фIыгъуи...
Фэ тIум зэхуэдэу фтызогуашэ.
Фэ тIум фхузиIэу хъуам гущIэгъуу
СолъэIур Тхьэшхуэм – къыфхупищэ...

ЩIызот абы сэ си щхьэм и пщIэр,
ЩIызот сфIэмащIэу хуэсший тыгъэр –
Зы махуи къыхэзмыхыу гъащIэр,
Зы жэщи... Си Тхьэ, къыздэпIыгъкъэ? ...

Фи якум дэлъмэ лъагъуныгъэ,
Си кхъащхьэм къыщыблэнущ нуру.
СыщымыIэжу къэвмылъытэ
Фызэзыпх къуэпсыр быдэм жыру.

Фызэзыпх къуэпсри си бынжэрщ,
Фэ тIур фыщыIэмэ сыщыIэщ,
Сэ фи зэхуаку, фи Iэгу зэрызыр
Сыдэтщ, искъузэу си IэгуитIым...

**_М.Ю. ЛЕРМОНТОВ_**
**_си гум илъурэ стха усэ..._**

*Усэ щыIэжкъым... ЩыIэр усакIуэщ.*
*Уэсыр хужьыжкъым. Ари IэпапIэщ...*

Утыку зубыдыр фIэзымыхыфырщ
И щхьэм и закъуэ гуфIэгъуэу къакIуэр!
Дэнэ дыздишэр лIэщIыгъуэ лIыфIым,
Хуэдэу жэщ кIыфIым дыщызэплъакIуэм?...

*Усэ щыIэжкъым... ЩыIэр усакIуэщ,*
*Уэсыр хужьыжкъым. Ари IэпапIэщ...*

Мазэ курытыр хоплъэ нэщхъейуэ,
Сэ жызмыIэфым, и фэм иплъагъуэу...
Букъуэдиями узэрыхуейуэ
Гупсысэ захуэр... КIуэркъым и лъагъуэр.

*Усэ щыIэжкъым... ЩыIэр усакIуэщ,*
*Уэсыр хужьыжкъым. Ари IэпапIэщ...*

И бзэм епцIыжу бын къыщыплъхуфкIэ
Си лъэпкъ - си гукъеуэ, сыт адкIэ уи махуэр?!...
Узипэшэгъуми ущринэфкIэ,
ВейIух бжэхуэщIу укъысфIехуапэ...

*Усэ щыIэжкъым... ЩыIэр усакIуэщ,*
*Уэсыр хужьыжкъым. Ари IэпапIэщ...*

Утыку укъизыхуэри узыгъэпудри,
Усэр дыжьынкIэ зыщэжыфахэрщ...
Лермонтов хуэдэ къамылъхужынуи,
Бийм я нэхъ бийри йэкIэ зэбгахэрщ! ...

*Усэ щыIэжкъым... ЩыIэр усакIуэщ,*
*Уэсыр хужьыжкъым. Ари IэпапIэщ...*

## *ПСЭ КХЪАХЭ*

1.

Си макъым зыщиIэткIи лъагэу,
Си нэпсым зыщигъэщхъкIи лъаншхъэу,
ЗгъэщIагъуэу зэпымычу пагэщ,
Псэ къыздэщIыгъур, сфIэщIу кхъахэ.

Дунейм къыщыхъу къыщыщIэ псори,
АкъылкIэ сэ щызэзгъэзахуи,
згъэщIагъуэу щымщ... Щым пагэщ псэри,
Псы къызэжэхри фIэзахуэщ.

Ар хоплъэ напIэр зэтемыуэу,
Сызыгъэпыхьэм зэпымыууэ
Си макъыр лъагэу сутIыпщауэ.
Ар хоплъэ Пагэу. ЩхьэгъэкIауэ.

2.

Сотыж и уасэр щIыхуэу стелъым,
Сэ стелъыр псори сощIэ, сощIэ.
Къэзмылъыхъуэжу фIэкI гъуэгущIэ
СрокIуэ сызытет гъуэгу жыжьэм.

Сотыжыр щIыхуэхэр илъэсу...
Сотыжыр махуэу еэ уэсэпсу...
Сотыжыр... Си щхьэм фIэсхыу уэшхыр...
Абы и уасэр пщIэрэ... Уэшхым?! ...

Сотыжыр щIыхуэу стелъыр Лъагэу -
Сотыжыр Усэу сымытхамкIэ...
Сотыжыр уэсу симыхамэм,
И лъэужь хужь къыслъимыхьамкIэ....

Сотыжыр щIыхуэу стелъыр Пагэу...
Сотыжыр закъуэныгъэ куукIэ...
Сотыжыр Жэщ Уэздыгъэ щIыхукIэ...
Сотыжыр мэзкIэ... Псэ гъуэщакIэ...

3.

Псэ къыздэщIыгъур сэ си нэпсым
Игъэнэщхъейкъым, егъэлъагэ.
Псэ къыздэщIыгъум Тхьэр зыщIэни
Сэ сымыцIыху иджы нэхъ кхъахэ...

Псэ къыздэщIыгъур си анэшхэум,
И анэм и анэшхуэм адкIи,
Абы и анэм и анэжым,
ИIам анэшхэу деж къыщожьэ.

Ар Пагэщ, зэщIэщхъыщхъэу фащэр,
ИрокIуэ гъуэгум къэмувыIэу...
Адыгэ фащэр сэ схуэфащэщ...
Ар си Iэпкълъэпкъым изогъэкIур!

Си Iэщхьэ тхьэмпэхэр бжьыхьэшхуэм,
Сэ сыхэкIуадэм, хэкIуэдэнущ,
*Псэ Кхъахэр* Лъагэщ, ЛъапIэщ, Пагэщ,
Адыгэ Фащэращ идэнур!

4.

НэгъуэщI сэ сцIыхукъым зы уэрэди,
Уэ макъ жьгърукIэ ныппежьэну,
Си гъуэгум сщIэркъым здигъэзэнур,
Сыт хуэдэ жьыбгъэ къыпежьэнур...

*Псэ Кхъахэр* - Лъагэщ, зы удыни
Техуауэ сфIэщIыркъым къэпщIэну...
ЗыIуту нобэ ар къалъхунум,
Аргуэру псори зыхищIэнущ...

## *ЗЫ ЗГЪЭЩIЭГЪУЭЖКЪЫМ...*

*Зы згъэщIэгъуэжкъым* - жысIэ пэтми,
Уи фIэщ умыщI, уи фIэщ умыщI
*Мыпэжыныгъэ* псэ гъэпудым
Зэпыу имыIэу бгъэр ефыщI...

Иджы уижьыщхьэ сыт умыщIэу,
Умылъэгъуауэ къэнэжар,
Уи лъагъуныгъэм сыт къигъащIэр,
МылIэжыххэну къигъэщIа?! ...

Сэ а гупсысэм сегъэпыхьэ,
Си жьыщхьэ си гур егъэнышкIу,
*Мыпэжыныгъэ* схузэрахьэм,
СыкъыхегъащIэ - зауэлIыгущ! ...

Зезгъэсэфакъым гущIыIагъэм!
ПцIы къыстыралъхьэхэм собий,
И фIэщу итщ си яужь икIагъэр
Сыпэлъэщынуми ярейщ!

2.

ЗэрыкIкъым псалъэр... зэкIуэцIылъу
Си унэм и кIэм къыщIонэж,
Дэдзыхыпауэ гъунэ ислъым
Сэ и унафэр къыстохуэж.

Си ужьым иту азэн къаджэм
Пэджэжыфыну псэр шэщIащ:
Псэр хуэхьэзырщ удын къежажьэм...
Ауэ итIани хьэкъ сщыхъуащ:

*Зы згъэщIагъуэжкъым*, - жыпIэ пэтми,
*Мыпэжыныгъэм* гур хегъэщI,
Мыпэжыныгъэ псэ гъэпудым
ЩIэрыщIэу уи бгъэр ныпфIефыщ,

Хуэдабзэу гъащIэм япэ дыдэ
УамыгъэпцIам иджы фIэкIа! ...

***

Хуэмурэ гъащIэр мэхъур си фIэщ,
Сохьэр абы и хьисэпым,
Зыри слъэмыкIми сыкIуэ нэмыщI,
Ипс къыстолъадэ насыпым.

Тхьэр къэслъыхъуэну гъуэгу къыхызох,
Нэпс сытохъухь нэмэзлыкъым,
Нэху къыщыстещхьэм жэщ макъамэр збгъэдех,
Сщигъэгъупщэн фIэщIу хьэкъыр...

Ауэ утыкум кIэрахъуэу итам
Жэщым и макъым итхьэлэу,
Зэи щыгъупщэнукъым псэр зыIуплъар,
Ар зи кууагъым къелу.

***ЖЬЫМ ТЕСУ ПСЫМ ЕПЫДЖ...***

Жьым тесу псым епыджыр
Сыхуейщ зэзгъэцIыхуну,
Сыхуейщ абы и дыджыр
Зыхуэдэр зыхэсщIэну.

ИтIанэ зыкъэсIэту,
Сэ си жьым сышэсынущ,
Псы защIэу зыкъискIуту,
Абы укъыхэсшэнущ.

Псым сыт ущIепыджынур,
Утесмэ жьым, уолъатэ!
Псым псэщ къыпкъырыкIынур,
Псэр, кхъыIэ, умупщIатэ ...

## *СЭ ЛIЭНЫГЪЭКIЭ СОМЫГЪЭШЫНЭ!*

Сэ лIэныгъэкIэ сомыгъэшынэ,
Сышынэнукъым, сышынащ –
Сэ зэгуэрым сыщылIэжам!

ФэкъырагъэкIэ сомыгъэшынэ,
Сышынэнукъым, сышынащ –
Фэкъырагъэр къыщыслъихьам!

ПудыныгъэкIэ сомыгъэшынэ,
Сышынэнукъым, сышынащ
ПцIыуэ щыIэр къыщызэжам!

ЗакъуэныгъэкIэ сомыгъэшынэ,
Сышынэнукъым, сышынащ -
Сизакъуэххэу сыкъигъэщIащ.

***МЫ ЩIЫ ХЪУРЕЙМ ДЫЩИСМИ...***

Мы щIы хъурейм дыщисми
Дэ тIур допсалъэ ди бзэмкIэ,
Ди щIалэхэри йосэри
Мэпсалъэ *адыгэбзэкIэ*,
Я псалъэхэр зэкIужу,
ПщIэ зыхудагъэщIыжу!

Ди хъуреягъыр псори -
Хамэбзэщ, бзэ жьгърущ.
Долъагъур фIыуэ ари,
А бзэри хуэдэщ кърум -
Аращ дыкъезыхьэкIыр
И дамэм ...дыфIолIыкIыр.

Изот си лъагъуныгъэр
Хамэбзэми, хамэщIми,
ЩIэпсэур лъэпкъыр – лъэпкъщи,
ЩIэпсэур цIыхур – цIыхущ!
Ауэ сэ си бзэр, ди Тхьэ,
Сэ псэкIэщ зэрызесхьэр...

...Си хэкум согъэзэжри
Къысщыхъуу адыгэбзэм
Псы хущхъуэм ещхьыркъабзэу
Сынэсу зыхэздзэну...
БзэмыIущ си хэкуэгъу мащIэр,
*Ди адыгэбзэр малIэр...*

Згъэзэжмэ хамэщIым
Си быныр къыздыспэплъэм,
СIуатэнур сыт хъыбару? ...
Си Тхьэшхуэри къоплъыхыр,
Къызоплъри къыспоплъэр...
Къытпоплъэр зэрылъэпкъыу!

2.

Си Тхьэшхуэ, Махуэ Пэжу
ДынщокIуалIэжым псори,
Сэ сощIэр сакъыхэпшу
СаIубгъэплъэнущ: Си псэм...
Си лъэпкъым... Адыгэбзэм...
ИкIи сыбгъэпсалъэнущ –

Абдежми яужь дыдэу
Си усэ сыкъеджэну,
Унафэ къысхуэпщIынущ...
Ар зымыдэни дауи,
Къимыувэн Уи пащхьэ,
Зыпхуэзгъэщхъынущ лъаншхъэу,

ИгъащIэ псоми хуэдэу
Сызэрыббгъэдэтам...
Си Тхьэшхуэ, *адыгэбзэкIэ*
Сыкъыпхуеджэнущ усэ...
Си лъэпкъым хуэбгъэгъуну
Бзэ Iурыплъхьам леишхуэу

Си лъэпкъым укъеплъыну,
Си лъэпкъыр къебгъэлыну...
Зэрызыхуэддэжар
Ди лъэпкъыр къызэлар...
ЖэнэткIэ бгъэгуфIэну
Зауэшхуэм хэкIуэдар...

Зи хэкум икIыжахэми,
Къинахэми, къелахэми...
Зэхуэдэу ттелъщ гуэныхь...
Къелахэми, къелынуми
Дэсахэми, дэкIынуми,
Зэхуэдэу ди плIэрылъщ:

*Бзэр зэрыдгъэкIуэдыжыр...*
*ДызэрепцIыжыр хэкум...*

3.

Сэ сощIэ, си Тхьэ, си Тхьэ
Сымытхэмэ адыгэбзэкIэ...
СынзэролъэIур зэикI
Уи пащхьэм нимыхьэну...
*Уэ пхуэтхэр адыгэбзэкIэ...*
*НолъэIури адыгэбзэкIэ,*
*Пхуэпэжырщ, си Тхьэ, лIыгъэкIэ*! ...

Британие, декабрь 2006

## ***СИ УСЭЗЭДЗЭКIАКIУЭ…***

*Урыс усакIуэшхуэ, си ныбжьэгъу лъапIэ*
*Игорь Ляпин и фэеплъу...*

1.

Дэнэт уэ щыпщIэр къикIыр си усэм?
Усэ сатырхэм сыт къадэбджыкIтэр?
Схуэдэу жэщ кIыхьхэм уисрэт си уэсым? –
Щхьэ армырамэ дэ дызэгъусэт? …

Дэнэт уэ щыпщIэр си гур зыкъутэр? -
И щхьэ техауэ ар ныбжезмыIэт!
ТIуми зы Гуащэт жэщкIэ къытхуэкIуэр?
Щхьэж езым и бзэк1э Тхьэм къыдделъэIуу…

Дэнэт уэ щыпщIэр си гур зыгъатхъэр?
Усэм а псори сэ щызмыIуатэт... -
Хабзэкъым къикIыу гум зэрыхъатIыу
Псэм къыщыхъу псори… Уэ ущыхьэткъэ!

Уэ си ныбжьэгъу, си псалъэгъу, си щэху зехьэ,
Усэ зэбдзэкIыр уигу къызыпхыкIым,
Сэ къызигъащIэр зызакъуэт –
Лъэпкъыбзэ зэрыщымыIэр!
ЩыIэри бзэ закъуэу –
Усэхэм я бзэу - Псэр здызэхыхьэрщ …

2.

*(гупсысэ щхьэхуитхэр...)*

... КIэухи иIэщ щIалэгъуэ пэщIэдзэм,
ГуфIэгъуи гуауи тхузэпытщ.
ДыIэщIэкIыфкъым ажалыдзэм,
Дыажалыншэ пэтми...

ДыздэкIуэр дэнэ дызэрымылъагъуу,
ДыщIэкIуэри сыт? ...

Уэ, си ныбжьэгъу, дакъикъи уихукъым
Мы си гум сэ...

Уэ япэу уежьэжащ... сыкъызэбнэкIыу,
Уи закъуэпцIийуэ.
...УщIэмыупщIэу...
Сыхуеймэ сикъинэну и кIэм...

Тхьэр щыгубжьа дунейм,
Щызэрызехьэ пцIым,
Зи закъуэр щогужьей.
Уэ, си ныбжьэгъу, ухейт...

...Мис, псори зэрыщытщ,
ЗэрихъуэкIакъым зыри...
ЗэрымыщIагъэкIи
ФIыдощ «насып» аргуэру тхэным! ...

Насыпыншагъэу пIэрэ – тIэ,
Дэ ди гум хуэдэр къепхьэкIыныр? -
ЩыбгъэтIылъыфкъым нэгъуэщI щIыпIэми,
Изагъэкъым и хэкум и пкъыми! ...

Зэрыщыуагъэр сощIэ, сощIэ,
Уи хэку упэIэщIэныр, ауэ...
Абыи сэ си псэр зэришэщIыр
Худабзэу шыкIэ пшынэм телъым,

аращ сыкъэзыгъэщIыр ноби,
Уэ фIыуэ пцIыху мы си псэр сIуту...
Уэ, си ныбжьэгъу, уощIэжыр, псори,
Жыжьащэми, а узыдэтыр...

3.

Сэ куэд бжесIэну пхуэзэхуэсхьэсащ
ДызэIущIэжмэ:
Иджыри зэрагуэшщ цIыхупсэу хъуар
Уэ зэрыпщIэжу
Псэ дахэрэ псэ IейкIэ! ...

Ягуэш, ягуэш дунейр, яхуэмыух,
Хьэрыпрэ журткIэ... дунейр зэщхьэщадз...
Дызыхиубыдэр, пщIэрэ, дэ иджы -
Муслъымэныбэрщ ... адэкIи - дыкъафкъазщ! ...

ПхуэсIуатэн псоми, си ныбжьэгъу, я щхьэжу
Иджыри зы хъыбыр
бжесIатэкъым... - сэ си лъым щызэхож
Муслъымэнылъи, джаурылъи... бэуэ.

Уи дежкIэ мыхьэнэншэт ахэр,
Уэ гурт хэт цIыхуи зэрызепхьэр.
Иджы зэрызэхадзыр фэкIэщ,
Е, жыпIэмэ нэгъуэщIу, динкIэщ...

КъызжеIэ, си ныбжьэгъу,
Уэ пщIэрт сыт хуэдэ упщIэми и жэуап,
Дапхуэдэу сызэрыпсэунур
Сэ –
мы зи гум дину щыIэр здызэхыхьэр? ...

4.

Си IитIыр зэрыIыгъщ зым зыр икъузу,
Ар зэроутIыпщри усфIыдокIуэсыкIыр...
Сэ сокIуэри сыщIэтщ иджы чылисэм,
Уэ пхуэдэ чыристэн къыщызолъыхъуэ,
...КIуэ, згъуэтыркъым...

Си ныбжьэгъу лъапIэ, си щхьэм сыхуощыгъуэ,
Дуней узытемытми сробампIэ...
УзэримыкIми си гум сегъэгугъэ,
Сэ жысIэ псори уи хэщIапIэм накIуэу:

КъысфIощI дунейр хуэм цIыкIуурэ щIэтIысыкIыу
Жыхьэнэмэшхуэм и кIыфIыгъэ хьэлъэм...
Жэнэтри ди щIыбагъкIэ къыдэнауэ
Зы щIыпIэ гуэрым щыгъуэщауэ хэту...

Е щымыIэххэрэ а ...жэнэт жыхуэсIэр,
ЩыIамэ, абы щыгъуэм къикIуэсыкIыу,

КъыщIэпхъуэжахэм дуней зэхатхъуар,
Укъоплъэри уолъагъу, уэ, си ныбжьэгъу...

Уэ, дауикI, уздэщыIэр жэнэтыпIэрщ...
Сэ сощIэ, сощIэ, зыри къызжомыIэ!
Абы щыпэкIукъым зы *чылиси*, зы *мэжджыти*,
Зы *синагоги* щыIэкъым жэнэтым!

Уэ уздэщыIэм - *Псэ*, *Тыншыгъуэ*, *Пэж* -
нэмыщI зыгуэри щыбгъуэтынкъым...
Сэ сыздэщыIэм - ахэр зыри, дауикI,
Апхуэдэу тыншу псэм епшалIэфынъым!

НтIэ, сэ сщIэркъэ, си ныбжьэгъу гу пцIанэ,
Мэжджыт, чылисэ, хьэмэ синагогэ
Жэнэтым щыбухуэну щыткъым!
Хуэныкъуэкъым абы гу къабзэр!

Ауэ итIани жыхьэнэмэ щIыпIэм
Гъуэщауэ къыщытехьэм Бегъымбар,
Абы еухуэ Унэ...
Къызэплъ, къызэплъ уэ, си ныбжьэгъу гу пцIанэ,

Мы си псэми, мы си нэми кIэрыстхъыу
Гуэныхьу схьыр сэ зэрыспшыныфынум! ...
Сызыпэрыт зауэшхуэм сыкъыщIелыр –
Си *Лъагъуныгъэр*, *Гугъэр*, *Хуитыныгъэр*
ЗэрызмутIыпщыр арщ иджыри...

Си ныбжьэгъу лъапIэ, сокIуэри чылисэм,
Уэ пхуэдэ чыристэн кыщызолъыхъуэ,
КIуэ, згъуэтыркъым...

## СЭ СИ ГУМ И ЦӀЭР ЛЪАГЪУНЫГЪЭЩ...

Сэ си гум и цIэр Лъагъуныгъэщ,
Аращ абы зэрихьэр лIыгъэу,
Аращ абы зэрихьэр гугъэу –
Сэ си гум и цIэр Лъагъуныгъэщ!

Мыбыи, адрейми ... модрейми...
Зэрахьэ псалъэр – пэжкъым, пэжкъым.
Сызыхуэпэж си Напэр схъуэжкъым!
ПцIым и лъэужьыр згъейми, згъейми...

ПцIыр хуэду блэшхуэм ныпкIэлъопщыр,
ПцIым жьыщхьэм ещхьу уегъэхущхьэ! ...
Сэ пцIым схигъэщIым - уэ пхигъахъуэм,
Сынофыгъуэнкъым, урегъатхъэ! ...

Мы си гуми щыгъкъым афэ джанэ,
Си бампIи есхьэлIэфкъым анэм...
Си Лъагъуныгъэм и гъэгуани,
Зыгъэпэжын къысхуомыджэну!

Сэ си гум и цIэр Лъагъуныгъэщ,
Аращ абы зэрихьэр лIыгъэу,
Аращ абы зэрихьэр гугъэу,
Сэ си гум и цIэр Лъагъуныгъэщ.

2.

Абдеж щомыух уи лъагъуныгъэр,
Ар иджыри нэсакъым зыщIыпIи,
Исми уи Iэгур, пыIыгъыфмэ,
Щэ бжыгъэкIэ бгъуэтыжынкъэ фIыгъэр.

Сэ иджыри собауэ, собауэ,
Сэ си бампIэхэр зыхэзыщIыкIынур
Бегъымбарым и закъуэщ, ауэ
Уэ итIани ар ббгъэдэслъхьэнущ...

Ббгъэдэслъхьэнущ, узолъагъури фIыуэ,
Сызэрыщыуэри сощIэ, сощIэ,
Ауэ мы гъащIэр ущыуэми зэпыту,
УгуIэ зэпытущ къызэрыбгъащIэр.

Адрейм йомыгъащIэр, сэ сощIэ,
КъакIуэ си деж, сигу пщIэгъунущ,
Мы дунейм сэ иджыри зы пщIэ
Зы пщIэ закъуэщ къыщысхьыфынур–

Ар мы си гум зыхищIэ гухэрщ...
Ар гущIэгъу зэрыхуэсщIырщ цIыхум...
Сэ иджыри псэм сызэрехуэ,
Къызолъыхъуэ си Пэжыр Iэхуу...

Дэнэ ар зыдэщыIэр, си Тхьэ,
... Сэ си узыр – ар сыту уз хьэлъэ...
Абдеж щомыух сэ схуэптхыр,
Гу щысхуакъым иджыри ...си хьэлъэм.